ЩIэныгъэм дэщIыгъу зыгъэпсэхугъуэхэр

2-нэ нап.

Гугъэмрэ хъуапсэмрэ щызэтехуэм деж

3-нэ нап.

«ЩыкIураш»

4-нэ нап.

ЩIэблэр яущий

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№100 (24.850) ● 2025 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 19, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

Зэлъахэгъухэр зэхохьэ

ЩIалэгъуалэм я унэм гъуэгу щытеуващ «Зэлъахэгъухэр» зэхуэсым и япэ зэIущIэр. Ар къыщызэIуаха дауэдапщэм хэтащ КъБР-м и IэтащхьэКIуэкIуэ Казбек.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым щыщ студентхэу Мэзкуу, Санкт-Петербург, Краснодар, Владикавказ, Карачаевск, Ставрополь, Псыхуабэ, нэгъуэщI къалэхэм щеджэхэр зэригъэуIуащ зи гугъу тщIы зэхуэсышхуэм.

«Апхуэдэ зэгухьэныгъэм творческэ къаруушхуэ хэлъщ, зэныбжьэгъугъэм зиужьыным, зи щIалэгъуэхэм республикэм зыгуэр хуэсщIарэт жаIэн папщIэ, щIэгъэкъуэнышхуэ мэхъу», - иритхащ КIуэкIуэ Казбек и хъыбарыбэ напэкIуэцIхэм.

Гуп-гупу зызыгуэша ныбжьыщIэхэр щхьэж и ехъулIэныгъэмкIэ адрейхэм ядэгуэшащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыужьыныгъэр здэунэтIыпхъэм теухуауэ яIэ еплъыкIэхэр къыхалъхьащ, дяпэкIэ зэрызэлъэIэсыну щIыкIэми тепсэлъыхьахэщ.

«Дэнэ щыIэ ди щIалэгъуалэри щIыналъэр езыгъэфIэкIуэну проектхэм хэтын, я зэхуакум пэжыгъэ, зэкъуэтыныгъэ дэлъын зэрыхуейм къыхуреджэ мыпхуэдэ зэхуэсым, - етх КIуэкIуэ Казбек. - Iуэху дахэр лъапэ махуэкIэ ежьауэ къыщIэкIыну, сыт и лъэныкъуэкIи щIалэгъуалэм я мурадхэр къехъулIэну сохъуэхъу!»

ПсынщIэу икIи зыхуей хуэзэу

● Узыншагъэ

Республикэ клиникэ сымаджэщым медицинэ дэIэпыкъуэгъу псынщIэмкIэ и къудамэщIэм и ухуэныгъэхэр и кIэм ноблагъэ. Мы IэнатIэм Iэмал къаритынущ цIыхухэм икIэщIыпIэкIэ зыхуэныкъуэ дэIэпыкъуныгъэр ягъуэтынымкIэ лэжьыгъэр зэтеублауэ егъэкIуэкIынымкIэ, узыфэ зэхуэмыдэхэр зиIэ сымаджэхэм псынщIэу медицинэ Iуэхутхьэбзэр зыхуей хуэзэу зы щIыпIэм щахуэщIэнымкIэ.

МЕТР зэбгъузэнатIэу метр мин 1,2-м щIигъу къудамэщIэм зэпыгъэщхьэхукIа щIыпIэхэр иIэнущ. «Удзыфэр» хухэхауэ щытынущ езырезыру IуэхущIапIэм къекIуэлIахэм. Абы хэтынущ регистратурэр, чэзум щыпэплъэ плIанэпэр, сымаджэхэм щеплъ, сымаджэр адэкIэ здагъэкIуэну къудамэр щызэхагъэкI пшэхэр. «Гъуэжьыр» «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэмкIэ» къашахэм ейщ. Абы гъуэлъыпIи 10 щIэтынущ, сымаджэр сыхьэт 72-м нэблагъэкIэ щIэлъ хъууэ. КъищынэмыщIауэ, ар къызэгъэпэщауэ щытынущ УЗИ, рентген, КТ IэмэпсымэхэмкIэ. «Плъыжьым» ирашэлIэнущ сымаджэ хьэлъэхэмрэ пIэщIэгъуэкIэ медицинэ Iуэхутхьэбзэ хуэныкъуэхэмрэ. Абы иIэнущ терапиемкIэ палатэ, гъуэлъыпIи 6 щIэту. Апхуэдэу а Iыхьэр диагностикэ пэшхэмрэ реанимацэмрэ псынщIэу зэрызыпащIэнум хуэгъэпсауэ щытынущ.

IэнатIэм щхьэхуэу хэтынущ уIэгъэхэр щапхэ, операцэ щащI, травматологие, эндоскопие пэшхэр. Абыхэм я фIыгъэкIэ, зэманыр ямыгъэкIуэду сымаджэм пIэщIэгъуэкIэ зыхуэныкъуэ дэIэпыкъуныгъэр абдеж щратыфынущ. Ухуэныгъэщlэр IуэхущIапIэм и къудамитIым щхьэ зытелъ зэпрыкIыпIэкIэ пыщIауэ зэрыщытынум Iэмал къаритынущ дакъикъэ бжыгъэм сымаджэр здынэшэсыпхъэм нагъэсынымкIэ.

Республикэ клиникэ сымаджэщым медицинэ дэIэпыкъуэгъу псынщIэмкIэ и къудамэщIэм и щытыкIэр зэраубзыхуам арэзы къищIащ Павлов П. П. и цIэр зезыхьэ, Санкт-Петербург дэт Япэ медицинэ къэрал университетым медицинэ дэIэпыкъуэгъу псынщIэмрэ хирургиемкIэ и кафедрэм и профессор Теплов Вадим. Абы и нэIэ щIэтщ къэралым щаухуэ апхуэдэ къудамэхэр. Профессорым къыхигъэщащ пIэщIэгъуэкIэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэр цIыхухэм ятыным теухуауэ къыхалъхьа мыпхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэр япэу IэнатIэм къыщызыгъэсэбэпахэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэрахэтыр.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.



ФIагъым и мардэхэм къозагъэ

Бахъсэн район сымаджэщым и поликлиникэ №1-р сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуагъэзэжауэ мы махуэхэм къызэIуахыжащ. IуэхущIапIэм щыIащ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустам. Абы къыхигъэщащ зэгъэпэщыжыныгъэхэр фIагъым и мардэ псоми къизагъэу зэрызэфIагъэкIар, тепсэлъыхьащ IэнатIэм зиужьынымкIэ адэкIэ къапэщытхэм.

ПОЛИКЛИНИКЭР зэрагъэпэщыжащ Узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм цIыхухэм япэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэр щыхуащIэ и IуэхущIапIэхэр къэгъэщIэрэщIэжынымкIэ лъэпкъ проектым хыхьэу. Метр зэбгъузэнатIэ 2400-рэ зыубыд унэр къызыхуэтыншэу зыхуей хуагъэзащ: и щIыбри и кIуэцIри къагъэщIэрэщIэжащ, инженер хуэIухуэщIэхэр яхъуэжащ, бжэхэр, щхьэгъубжэхэр, лифтыр щIэкIэ зэрахъуэкIащ.

ЗэхъуэкIыныгъэхэр ирагъэкIуэкIащ абы щылажьэхэми къекIуалIэхэми я тыншыпIэм хуэщIауэ. УнэлъащIэхэр щIэуэ щIагъэуващ, иджырей медицинэ IэмэпсымэхэмкIэ къызэрагъэпэщащ. Апхуэдэхэщ УЗИ аппаратыр, бжыгъэр зи лъабжьэ маммографыр, рентгеныр, эндоскоп Iэмэпсымэр.

Поликлиникэм къегъэщIылIащ цIыху мин 60-м щIигъу. Махуэ лэжьэгъуэм къриубыдэу абы Iуэхутхьэбзэ щыхуащIэфынущ цIыху мин 750-м, къищынэмыщIауэ, хэтщ гъуэлъыпIэ 40 зиIэ махуэ стационар.

ЦIыхухэм къатемыхьэлъэу лэжьыгъэр къызэгъэпэщауэ щытын папщIэ, IуэхущIапIэм и щIыхьэпIэ-щIэкIыпIэхэр зэхагъэщхьэхукIащ. Апхуэдэу плъыржьэрыгъэ зиIэ сымаджэхэм я щIыхьэпIэр щхьэхуэщ, чэзум пэплъэхэм я плIанэпэри тыншыпIэм хуэщIауэ къызэгъэпэщащ, къищынэмыщIауэ, фошыгъу узым теухуа еджапIэм и пэш щхьэхуи хэтщ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

Ди къуэш республикэхэм

Домбай къыщрагъэблагъэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Беларусым и школакIуэхэр загъэпсэхуну къэкIуащ КъШР-м. Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рашид къызэрыхигъэщамкIэ, ар къызэрагъэпэщащ къэралитIым я зэныбжьэгъугъэмрэ зэрызэдэлэжьэнумрэ гъэбыдэным, апхуэдэуи щIалэгъуалэр хэкупсэу гъэсэным хуэунэтIауэ зэращIылIауэ щыта зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ.**

ХьэщIэкIэ фIы Къэрэшей-Шэрджэсым гуапэу щрагъэблэгъащ Беларусь Республикэм щыщ ныбжьыщIэхэр. Махуи 8-м къриубыдэу шыщхьэуIум и 14-21-хэм абыхэм я нэгу зыщрагъэужьынущ Домбай и щIыпIэ дахэм. Ахэр щыIэнущ Хэкур зыхъумахэм я фэеплъ щIыпIэхэм, щыгъуазэ защIынущ республикэм и щIыуэпсымрэ хабзэхэмрэ.

- Дэ пыдощэ ди зэпыщIэныгъэм икIи Къэрэшей-Шэрджэсым и школакIуэхэр мыгувэу кIуэнущ Беларусым. Шэч къытесхьэркъым ар гуапэу ягу къызэринэжынур, республикэмрэ Урысей Инымрэ щыпсэухэм я зэныбжьэгъугъэр нэхъри зыгъэбыдэ лъабжьэ зэрыхъунур, - жеIэ Темрезов Рашид.

ЛIыхъужьхэм я фэеплъу

АБХЪАЗ. **Гагрэ щекIуэкIащ Урысейм теннисымкIэ и зэпеуэм и республикэ зэхьэзэхуэ зэIуха. Ар я фэеплът Абхъазым и лIыхъужьхэу Ардзынбэ Салыбейрэ Тарбэ Арзэмэтрэ, - къет спортымкIэ къэрал комитетым.**

Зэхьэзэхуэм зэхуишэсат Абхъазым и къалэхэу Сыхъум, Гагрэ, Пицундэ, апхуэдэуи Урысейм и щIыналъэхэу Сочэ, Адлер, Краснодар, Таганрог, Екатеринбург, Мэзкуу, Санкт-Петербург, Дон Iус Ростов, Самарэ, нэгъуэщI щIыпIэхэми къикIа теннисист ныбжьыщIэ 80-м щIигъу.

Щхьэзакъуэ, гуп зэпеуэхэм хэтащ илъэс 13, 15, 19 зи ныбжьхэр икIи щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ я зэфIэкI щагъэлъэгъуащ унэтIыныгъи 3-м.

ТекIуахэмрэ къыхэжаныкIахэмрэ ягъэлъапIэу я саугъэтхэр иратыжащ Абхъазым ТеннисымкIэ и федерацэм и президент Абгаджавэ Тамаз, АР-м ЩIалэгъуалэ Iуэхухэмрэ спортымкIэ и къэрал комитетым спортымкIэ и къудамэм и IэщIагъэлI нэхъыщхьэ Киут Адгур, Тарбэ Арзэмэт и анэ Кичбэ Гули, Ардзынбэ Салыбей и къуэ Ардзынбэ Нар сымэ.

Судья нэхъыщхьэу щытащ Урысейм япэ категорие зиIэ и судья Дематьевэ Ларисэ.

Зэхуэс купщIафIэ

АДЫГЕЙ. **«Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым и щIыналъэ къудамэу Мейкъуапэ дэтым щекIуэкIащ «Навстречу СВОим» зэхуэсыр. Абы зэIухауэ щызэпсэлъащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэм щыщхэмрэ.**

КъызэгъэпэщакIуэхэм къызэрыхагъэщащи, зэхыхьэм и купщIэ нэхъыщхьэу щытащ жылагъуэ егъэблэгъапIэхэм я лэжьакIуэхэр щIыпIэхэм кIэурэ цIыхухэм зэрахуэзэр. Ипщэ дзэ округым и дзэ политикэ управленэм и лIыкIуэхэр щыхоплъэ СВО-м и ветеранхэмрэ абыхэм я Iыхьлыхэмрэ зэрызыкъыхуагъэзахэм.

КъекIуалIэхэм гурагъаIуэ социальнэу зыкъыщIагъэкъуэным теухуауэ щыIэ шэсыпIэхэр зыхуэдэр, апхуэдэуи икIэщIыпIэкIэ зэфIэгъэкIыпхъэ Iуэхухэр зэфIэхынымкIэ щыIэ Iэмалхэр. ХьэщIэхэм папщIэ къызэрагъэпэщ Iэщэ IэмэпсымэхэмкIэ я гъэлъэгъуэныгъэ, дзэ управленэм и лIыкIуэхэми цIыхухэр Iуагъащlэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Дыдейхэр утыку къуранэркъым

«Дыдейхэр утыку къиднэркъым-2.0» пэхуэщIэм ипкъ иткIэ Нартан къуажэм и еджапIэ-интернат №5-м нэщанэ еуэным хуэщIа и пэшым щызэпеуащ дзэ Iуэху хэхам, зауэ зэпэщIэувэныгъэхэм я ветеранхэр, абыхэм я унагъуэхэм щыщхэр, ветеран, щIалэгъуалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, зи IэпкълъэпкъымсэкъатиIэхэр, нэгъуэщIхэри. Зэхьэзэхуэр СВО-м хэкIуэдахэм я фэеплъу щытащ, и судья нэхъыщхьэр Цоков Тимурланщ.

Нэщанэ еуэхэм я зэпеуэм кърикIуахэр зэхалъхьэжа нэужь наIуэ къызэрыхъуамкIэ, япэ увыпIэр къихьащ КъБР-м и Парламентым и депутат, Афганистаным щызэуахэм, нэгъуэщI щIыпIэхэм щекIуэкIа дзэ зэпэщIэтыныгъэхэм хэтахэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Тхьэгъэлэдж Тимур. ЕтIуанэ хъуащ Афганистаным щызэуахэм, нэгъуэщI щIыпIэхэм щекIуэкIа дзэ зэпэщIэтыныгъэхэм хэтахэм я зэгухьэныгъэм и ревизор Жансуев Елдар. Ещанэ увыпIэр иубыдащ Нартан къуажэ администрацэм и унафэщI ХьэхъупащIэ Анзор.

Зэхьэзэхуэм къыщыхэжаныкIахэм медалхэр, кубоккхэр, щIыхь тхылъхэр иратащ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, 2025 гъэм бадзэуэгъуэм щегъэжьауэ «Дыдейхэр утыку къиднэркъым-2.0» пэхуэщIэр республикэм щагъэзащIэ КъБР-м Жылагъуэ Iуэхухэмрэ лъэпкъ проектхэмкIэ и министерствэм и субсидие ахъшэмкIэ.

АЛБЕРДЫКЪУЭ Iэмин.

Ахъшэншэу дэкIыркъым

2025 гъэм и япэ мазихым къриубыдэу Лъэпкъ шэсыпIэ системэм, МСП Корпорацэм и нэIэ щIэтым, и Iэмалхэр къагъэсэбэпу Урысей Федерацэм и хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ соми мелард 440-рэ къагъэсэбэпащ. Нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ проценти 5-м нэблагъэкIэ нэхъыбэщ ар.

«Лъэпкъ шэсыпIэ системэм и Iэмалхэм я фIыгъэкIэ хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ я лэжьыгъэм ахъшэ щIыхуэхэр къыщагъэсэбэп. Дызэрыт илъэсым и япэ мазихым къриубыдэу МСП Корпорацэр къадэIэпыкъуу хьэрычэтыщIэхэм сом мелард 264-рэ къащтащ, абы нэмыщI, сом меларди 190-м нэблагъэр щIыналъэхэм щыIэ шэсыпIэ, къэралым кредит цIыкIухэр щызыт IуэхущIапIэхэм щIыхуэу къыIахащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ пIалъэ кIэщIкIэ я лэжьыгъэм мылъку къыхашэ, псалъэм папщIэ, заужьын е я IэнатIэхэм зрагъэубгъун щхьэкIэ. ПIалъэ кIыхькIэ ахъшэ щIыхуэ къэзыщтэхэр инвестицэ пэхуэщIэхэр зыгъэзащIэхэрщ», - жиIащ МСП Корпорацэм и унафэщI Исаевич Александр.

Лъэпкъ шэсыпIэ системэм и Iэмалхэр къагъэсэбэпу экономикэм и IэнатIэхэм щыщу зи лэжьыгъэм ахъшэ нэхъыбэ хэзылъхьэхэм яхохьэ инфраструктурэ ухуэныгъэм пыщIахэр (сом меларди 148-рэ), продукцэ зэхуэмыдэхэр къыщIэзыгъэкIхэмрэ абыхэм елэжьхэмрэ (сом мелард 68,4-рэ), щIэныгъэ-техникэ хуэIухуэщIэхэм хуэунэтIахэр (сом мелард 47,3-рэ), хьэпшыпхэр зыгъэIэпхъуэхэмрэ ахэр зыхъумэхэмрэ (сом мелард 18,5-рэ), мэкъумэш IэнатIэр (сом мелард 15,5-рэ), иджырей информацэ технологиехэр пхызыгъэкIхэр (сом меларди 9,6-рэ), хьэщIэщхэмрэ шхапIэхэмрэ (сом меларди 6,7-рэ).

Хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ щыщу ахъшэ нэхъыбэу къэзыщтахэр я IуэхущIапIэхэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс зыбжанэ фIэкIа мыхъуахэрщ. Дызэрыт илъэсым и япэ мазихым къриубыдэу а гупым хыхьэхэм сом мелард 60,2-рэ щIыхуэу къащтащ.

«Дэ къызэрытхутамкIэ, бизнесым зэрыхыхьэрэ илъэситI фIэкIа мыхъуа IуэхущIапIэхэм я нэхъыбэр зэхуащIыж хабзэщ. Абы къыхэкIыуи, апхуэдэхэм мылъкукIэ а зэманым защIэгъэкъуэным мыхьэнэшхуэ иIэщ, ахэр къызэтенэу адэкIи заужьыфын щхьэкIэ. 2025 гъэм и япэ мазихым къриубыдэу IэнатIэхэр къызэрызэIуахрэ илъэсищым щIимыгъуа IуэхущIапIэхэм зэгурыIуэныгъэу етщIылIар процент 40-м нэблагъэкIэ нэхъыбэщ, нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм елъытауэ», - дыщIигъужащ Исаевич Александр.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр къэдгъэлъэгъуэнщи, къапщытэж пIалъэм къриубыдэу Лъэпкъ шэсыпIэ системэм и Iэмалхэр къагъэсэбэпу республикэм и хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ хыхьэ IуэхущIапIэ 85-м ахъшэ щIыхуэ къащтащ, псори зэхэту сом мелард 0,59-рэ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, зи гугъу тщIа лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкI «Зэхьэзэхуэр зи лъабжьэ экономикэ лъэщ» лъэпкъ пэхуэщIэм хыхьэ къэрал программэм ипкъ иткIэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Ди газетыр къэзыгъэхьхэм папщIэ

2025 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм щIэджыкIакIуэхэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманым къыпещэ. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей поштым и дэтхэнэ IуэхущIапIэми.

Мази 4-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:

унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 721-рэ кIэпIейкIи 4-рэ;

фэ езым поштым къыщыфщтэжынумэ - сом 658-рэ кIэпIейкIэ 36-рэ.

Ди индексыр П5894

Псэ къулеигъэ

Щыlэщ цlыху, езыр дунейм темытыжми, къыдэпсэуахэм псэкlэ, lуэхущlафэхэмкlэ, дуней еплъыкlэмкlэ, лъэужь дахэмкlэ къахэнэ. Ауэ щыхъукlи, lэмалыншэкъым ар уи lыхьлыуэ е уи благъэу щымытыну. Цlыхугъэ лъагэмрэ псэ къулеигъэмрэ Тхьэшхуэм дэтхэнэми и гупсысэрэ lэужькlэ хуегъэфащэ. Апхуэдэхэм ящыщт егъэджакlуэ lэззу, унафэщl щыпкъэу, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакlуэ lэкlуэлъакlуэу щыта Къуэжей Валерэ Хьэмзэтхъан и къуэр (1959 - 2025). Къытщlэхъуэ щlэблэм щlэныгъэ, гъэсэныгъэ дахэ егъэгъуэтыным зи гъащlэр тезыухуа, зэфlэкl ин зыбгъэдэлъа цlыху гуащlафlэр къыдэлэжьахэм, иригъэджахэм, зыцlыхуу щыта псоми фlыкlэ ягу къинащ.

● Фэеплъ

ГЪАЩlЭ купщlафlэ, екlу къиlпсэуащ Къуэжей Валерэ. Дунейм зэрытетар илъэс 66-рэ къудейми, а зэман мащlэм къриубыдэу абы куэд хулъэкlащ Тэрч щlыналъэм и егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ lэнатlэр зэфlэгъэувэн, ар егъэфlэкlуэн я лъэныкъуэкlэ. КъБАССР-м хыхьэ Тэрч районым и Хьэпцlей къуажэм 1959 гъэм и пэщlэдзэм къыщалъхуащ Къуэжейр. Зэрыбыным я адэр мэкъумэш лэжьыгъэм щыпашэхэм ящыщащ, я анэр унагъуэ lуэхухэмрэ сабий пlынымрэ елэlлащ. Унагъуэм я сабий пажэт Валерэ. Абы и анэкъилъху нэхъыщlэхэт зы шыпхъурэ къуэш цlыкlуитlрэ. Зэрыхабзэщи, быным я нэхъыжьыр адэ-анэм пасэу дэlэпыкъуэгъу яхуохъу. Апхуэдэт Валери. Жыlэщlэу, пщэрылъ къыхуащl къалэнхэмкlэ жэуаплыныгъэ зыхищlэу къэхъуащ ар. Адэ-анэр щыгуфlыкlырт зэпlэззэрыту, гупсысэ куу бгъэдэлъу, нэхъыщlэхэм сыткlи щапхъэфl яхуэхъуу щыт быну пажэм.

Новэ-Хьэмидей къуажэм дэт курыт школыр фlы дыдэу 1977 гъэм къиуха нэужь, щlалэщlэм мурад ищlащ бгъэдэлъ щlэныгъэм адэкlи хигъэхъуэну. Щlэныгъэм и къарур зыхуэдэр фlыуэ къызыгурыlуэ адэ-анэм гуапэ лей ящыхъуащ щlалэм и мурадыр икlи сыт и лъэныкъуэкlи даlыгъащ. Физикэм дихьэхырти, а унэтlыныгъэм нэхъ кууэ хуеджэныр и гурашэу, Валерэ лъэпощхьэпоуншэу щlэтlысхьащ Бэрбэч Хьэтlуlэ и цlэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и физико-математикэ къудамэм. Зэрихабзэу, студент илъэсхэри купщlафlэу, lуэхугъуэфl куэдкlэ гъэнщlауэ ирихьэкlащ Къуэжейм. Еджэным фlы дыдэу зэрыпэлъэщым къыдэкlуэу, ар хуэжыджэрт университетым щекlуэкl жылагъуэ lуэхухэм. Щlэныгъэ нэхъыщхьэрэ зыщlэхъуэпса lэщlагъэмрэ зригъэгъуэтауэ, 1982 гъэм Къуэжейм ехъулlэныгъэкlэ къиухащ КъБКъУ-р. Куэд дэмыкlыуи лэжьыгъэ lэнатlэм пэрыуващ. Абдежым щыщlидзащ хэкупсэ нэсу зи дунейр зыхьа, егъэджакlуэ, унэтlакlуэ lэззу щыта Къуэжейм и лэжьыгъэ гъуэгуанэм. Сыт хуэдэ къалэн и пщэ къыдалъхьами, сыт хуэдэ къулыкъу пэрытами, Къуэжейм абыхэм ящыщ дэтхэнэри ирихьэкlащ гурэ псэкlэ, жэуаплыныгъэ лъагэ зыхищlэу, и нэlэм щlэт lэнатlэр иригъэфlакlуэрэ езыри и лэжьэгъухэри адрейхэм щапхъэрэ гъуазэрэ яхуэхъуу.

1983 гъэм Валерэ математикэмкlэ егъэджакlуэу лэжьэн щыщlидзащ Новэ-Хьэмидей жылэм дэт курыт школым. Зи lэнатlэм гурэ псэкlэ бгъэдэт лэжьакlуэ гумызагъэм гу къылъамытэу къэнакъым. Школми жылэми пщlэрэ щlыхьрэ щызиlэ щlалэ жыджэрыр куэд дэмыкlыу ягъэуващ Новэ-Хьэмидей къуажэ советым и гъэзэщlакlуэ комитетым и унафэщlу. 1992 гъэм Къуэжейм лэжьэн щlидзащ школ унафэщlым егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэмкlэ и къуэдзэу, иужькlэ школым и директору ягъэуващ. Дзыхь къыхуащl дэтхэнэ къалэнри ныкъусаныгъэншэу зэфlэзыхыу еса адыгэлl гуащlафlэр и зэмани къаруи щымысхьу, щlэныгъэрэ акъылу бгъэдэлъыр къигъэсэбэпу школ lуэхур иригъэфlэкlуэну яужь ихьащ. А лэжьыгъэм Валерэ къришалlэрт къуажэдэс нэхъыжьыфlхэри адэ-анэхэри. «Удын зэхэдзэ нэхърэ - акъыл зэхэдзэ», - жыхуиlэрати, езым и зэфlэкlри нэхъыжьхэм я чэнджэщ lущхэри къигъэсэбэпурэ, lэнатlэр иригъэфlакlуэу хуежьащ унафэщlым.

Я унафэщlым lуэхум хилъхьэ къарумрэ зэфlэкlымрэ зылъагъу къыдэлажьэхэми ябг щlакъузащ, щlэблэр егъэджэным я гур нэхъри хузэlуахыу. Къуэжейр щlэгъэкъуэн, чэнджэщэгъу яхуэхъурт лэжьыгъэм и пlалъэ зыщlэ нэхъыжьхэми lэнатlэм пэрыувагъащlэ егъэджакlуэ ныбжьыщlэхэми.

- Къуэжей Валерэ илъэс 30-м щlигъукlэ щылэжьащ ди курыт школым. Зы щlэблэкъым-щlэблитlкъым а егъэджакlуэфlым, унэтlакlуэ къызэрымыкlуэм гъащlэм и гъуэгу пэжым тригъэувар. Егъэджакlуэным къыхуалъхуауэ зыхужыпlэ хъуну Валерэ лъагъуныгъэ къабзэ яхуиlэт сабийхэм ящыщ дэтхэнэми, абыхэм я гумрэ я псэмрэ нэсыфу. Апхуэдэущ ар къызэрытхэтар и нэlэм щlэт егъэджакlуэ гупми: малъхъэдисым хуэдэу дызыщlишэрэ лэжьыгъэфlым дыхузэщlигъэуlуэу, хабзэ дахэ зэрылъ зы унагъуэшхуэм хуэдэу дызэгуригъэlуэрэ дызригъэдаlуэу, - жеlэ Новэ-Хьэмидей курыт школым биологиер щезыгъэдж Абазэ Жаннетэ. - Зыхэтым фlыкlэ къахэщу дапщэщи дунейм тета а цlыху щыпкъэм и фэеплъыр куэдрэ ди гущlэм щытхъумэнущ абы дэлэжьахэм, иригъэджахэм, унэтlакlуэрэ чэнджэщэгъурэ зыхуэхъуахэм.

2015 гъэм Къуэжей Валерэ ягъэуващ Тамбовскэ жылэм дэт курыт школым и унафэщlу. Лэжьыгъэм и пlалъэ фlыуэ зыщlэ унафэщlым абдежми зыкъыщигъэлъэгъуащ щlэм и лъыхъуакlуэ нэсу, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм иджырей техникэрэ технологие пэрытхэмрэ хэзылъхьэ lэщlагъэлlу. Къуэжейм иригъэкlуэкl апхуэдэ лэжьыгъэфlым школ гъащlэм псэщlэ къыхилъхьэжа хуэдэт. Абы нэхъыфlыжу, нэхъ шэщlауэ щекlуэкl хъуащ предмет зэхуэмыдэхэмкlэ зэхьэзэхуэхэр, абыхэм къахэжаныкlхэр щlыналъэпсо утыкухэм ихьэурэ увыпlэфlхэри къыщахьырт. Еджэным къыкlэрыхуу, хьэл-щэнкlи дагъуэ зыхуащlу щыта школакlуэхэм я бжыгъэр зэман кlэщlым къриубыдэу куэдкlэ нэхъ мащlэ хъуащ. Балигъхэми сабийхэми хэпщlыкlыу захъуэжат - дэнэкlи къабзэлъабзагъэр щытепщэрт, классхэр къызыхуэтыншэу къызэрызэрагъэпэщыным дэтхэнэ егъэджакlуэри, зи бын а классхэм щеджэ адэ-анэхэри хущlэкъурт.

Къуэжейр зи унафэщl школым нэгъуэщl еджапlэхэм къикlыурэ директорхэр, егъэджакlуэ щхьэхуэхэр плъакlуэ къыхуэкlуэрт, я lуэху зехьэкlэм, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщыкlэм кlэлъыплъыну. Дэтхэнэми яхуэгуапэт, ядэlэпыкъунуи хьэзырт Валери абы и унафэм щlэт гупри. Къэхъуртэкъым районым, республикэм олимпиадэ е нэгъуэщl ныбжьыщlэ зэпеуэ щекlуэкlауэ, Тамбовскэ къуажэм дэт курыт школым щыщхэм бжьыпэр щамыубыд, я гъэсэнхэр пашэхэм щахэмыхуэ. lуэхущlапlэм и зэфlэкlым хэхъуэрт, абы щекlуэкl гъэсэныгъэ-егъэджэныгъэ лэжьыгъэми нэхъри зиужьырт.

- Унафэщl щыпкъэм зыпэрыт lэнатlэр егъэфlэкlуэнымкlэ гупсысэщlэхэр, жэрдэмыщlэхэр и куэдт. Ахэр гъащlэм хипщэурэ, абы адэкlи иригъэфlакlуэрт школым щекlуэкl гъэсэныгъэ-егъэджэныгъэ лэжьыгъэр, - я пашэу щытам теухуа гукъэкlыжхэмкlэ къыддогуашэ Тамбовскэ жылэм курыт школым и егъэджакlуэ, Валерэ и ныбжьэгъуфlу, къуэ пэлъытэу щыта Мэшокъуэ Астемыр. - Зэпlэззэрытыныгъэр, пэжыгъэр, цlыхугъэ лъагэр зи фащэ Къуэжейр дэтхэнэми: ныбжьыщlэхэми балигъхэми - псоми щапхъэ нэс тхуэхъурт гъащlэм и лъэныкъуэ куэдкlэ. Зэхэщlыкl куурэ акъыл шэщlакlэ Тхьэшхуэр къыхуэупсати, дэтхэнэми и гулъытэ къытлъигъэсыфырт, ди жэрдэмыфlхэр къыддиlыгъырт, лэжьыгъэм нэхъри дытригъэгушхуэу.

А къулыкъур зэпэщу, къызыхуэтыншэу 2022 гъэ пщlондэ ирихьэкlа нэужь, Къуэжейр Тэрч щlыналъэм егъэджэныгъэмкlэ и lэнатlэм ирагъэблэгъащ икlи ягъэуващ абы и къудамэхэм ящыщ зым и lэщlагъэлl нэхъыщхьэу. Зэрихабзэу, абы лэжьыгъэм пищащ, и lуэху еплъыкlэщlэхэр, жэрдэмыфlхэр тегъэщlапlэ ищlрэ lэнатlэр иригъэфlакlуэу.

Зыlэригъэхьа ехъулlэныгъэхэм къапэкlуащ къэрал гулъытэ лъагэ. Илъэс зэхуэмыдэхэм Къуэжей Валерэ къыхуагъэфэщауэ щытащ щытхъу, щlыхь тхылъ куэд, щlыхьыщlэ лъапlэхэр. Абы мызэ-мытlэу къратащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ и министерствэм, егъэджэныгъэ lэнатlэм пэрыт лэжьакlуэхэм ди республикэм щаlэ зэгухьэныгъэм, Тэрч щlыналъэм егъэджэныгъэмкlэ и lэнатlэм, «Экология - жизнь» щlыуэпсыр хъумэнымкlэ щlыналъэ зэхаку жылагъуэ зэгухьэныгъэм, нэгъуэщl lэнатlэхэм, lуэхущlапlэхэм къабгъэдэкl щlыхь, фlыщlэ тхылъхэр. 2020 гъэм Къуэжей Валерэ къыхуагъэфэщащ «УФ-м и егъэджэныгъэ lэнатlэм щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ» цlэ лъагэр, дамыгъэ лъапlэри щlыгъужу.

И лэжьыгъэфlым хуэфащэу унагъуэ дахэ дапщэщи и щlыбагъ къыдэтащ Къуэжейм. Абырэ и щхьэгъусэ Джульеттэрэ бынитl, пхъурэ къуэрэ, зэдагъуэтащ, зэдапlащ, гъащlэм гъуэгу пэжым щытрагъэуващ. Зэщхьэгъусэхэр зэгурыlуэрэ зэдэlуэжу зэдэпсэуащ, я унагъуэм хабзэ, нэмыс илъыным хущlэкъуу. А лъэпкъ фlыгъуэхэм щlапlыкlа бынхэм щlэныгъэфlрэ lэщlагъэ дахэрэ ирагъэгъуэтащ. Абыхэм япхъу Залинэ щlэныгъэ нэхъыщхьэу тlу иlэщ. Ар и адэм и лъэужьым ирокlуэ, егъэджакlуэщ. Мы зэманым Залинэ Арыкъ (Борыкъуей) дэт курыт школым щолажьэ инджылызыбзэмкlэ егъэджакlуэу, унафэщlым егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкlэ и къуэдзэу. Зэщхьэгъусэхэм я къуэ Ренат КъБКъУ-м и юридическэ факультетыр ехъулlэныгъэкlэ къиухауэ lэнатlэ пэрытщ. Быныр мэпсэу, я адэ щыпкъэм и гъащlэр я гъуазэу, къащlэхъуэ щlэблэм ар щапхъэу хуагъэлъагъуэу.

Гъащlэм, бынымрэ абыхэм къащlэхъуа щlэблэмрэ хуиlа гурылъхэмрэ хъуэпсапlэхэмрэ ящыщ куэд нэрылъагъу ищlыну хунэсакъым Къуэжейр. Куэдрэ мысымаджэуэ, мы гъэм и бадзэуэгъуэм ар дунейм ехыжащ. И къарури и зэфlэкlри щlэблэм я гъэсэныгъэмрэ щlэныгъэ етыныгъэмрэ хуззыгъэпсу, зэфlэкlыу бгъэдэлъ псори и щlыналъэм и зыужьыныгъэмрэ ехъулlэныгъэмрэ езыхьэлlэу щыта Къуэжей Валерэ Хьэмзэтхъан и къуэм, lэщlагъэлl щыпкъэм, адэ гумащlэм, адэшхуэ lэфlым, и гъащlэ купщlафlэм я щапхъэу ирепсэу абы къыщlэхъуа щlэблэр. Куэдрэ хремыгъуащэ а цlыху псэ къабзэм къигъэна лъэужь нэхур.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

ЕтIысэхи псэхуи имыщIэу

● МВД-м и ветеранхэр

УФ-м Къэрал кlуэцl lуэхухэмкlэ и министерствэм ди республикэм щиlэ къудамэм илъэс куэдкlэ щылэжьахэм ящыщщ лейтенанту пенсэм тlысыжа Лъэкlэпщы Ахьмэд. Ар Дзэлыкъуэ щlыналъэм хыхьэ Каменномост къуажэм дэс мэкъумэшыщlэ унагъуэм 1943 гъэм къыщальхуащ. Нэмыцэ зэрыпхъуакlуэхэр ди щlыгум къыщизэрыгуа лъэхъэнэм, зауэм и гуащlэгъуэ дыдэм дунейм къытехьат ар.

ДИ щlыгум къиужьгъа хьэкlэкхъуэкlэхэр ирахужьэжа нэужь, колхозыр зэфlэгъэувэжыным зи гуащlэ хэзылъхьахэм ящыщщ Лъэкlэпщы зэщхьэгъусэхэу Мухьэмэдрэ Дахэлинэрэ. Жэщмахуэ ямыlэу губгъуэм итащ ахэр, бын пlынри лэжьыгъэри я гуащlэм дэкlыу. Зы махуэ къыдэмыхуэу лэжьыгъэм пэрыт пэтми, сабий гъэсэнми гулъытэшхуэ хуащlырт абыхэм. Хабзэм, нэмысым, Хэкур фlыуэ лъагъун зэрыхуейм, нэхъыжьым пщlэ зэрахуэщlыпхъэм, пэжагъым хуаущийрт я щlэблэр.

8-нэ классым къыщlэкlри, Ахьмэд ухуэныгъэм щыхуагъасэу Налшык къалэ дэт техникумым щlэтlысхьащ. Автомашинэ къепхуэкlыну хуит узыщl тхылъри зыlэригъэхьауэ къиухри, 1962 гъэм къуажэм къигъэзэжащ икlи колхозым и машинэхэм ящыщ зым дагъэтlысхьащ.

1963 гъэм дзэм къулыкъу щищlэну ираджащ Ахьмэд. Абы щыщыlа лъэхъэнэм ар гъащlэм щызыlуухэм пэщlэтыфыну хуагъэсат. Щlалэ lэдэбым дзэ lуэхум ехьэлlауэ нэхъыжьхэм къыжраlэ ущиехэр зэрызыхилъхьэным хущlэкъуащ. Армэм къыщрата чэнджэщхэр МВД-м щыхыхьами къыхуэщхьэпэжащ.

А зэманым армэм илъэсищкlэ щыlэ хабзэти, ар 1966 гъэм кърехьэлlэри, къуажэм къегъэзэж. Колхозым хыхьэжри, машинэ итlысхьэжат Ахьмэд. Ауэ щlэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтыныр и гуращэт, и хъуэпсапlэти, ар зригъэхъулlэным яужь ихьащ. Еджапlэ нэхъыщхьэ укlуэн папщlэ, епщlанэ классыр къэбухын хуейти, пщыхьэщхьэеджэм щlотlысхьэри, курыт щlэныгъэ зрегъэгъуэт.

Иужькlэ, 1971 гъэм, Лъэкlэпщыр еджапlэ макlуэ Мейкъуапэ дэт автотранспорт техникумым. 1974 гъэм ар къеухри, Къэбэрдейм-Балъкъэрым къегъэзэж, а гъэ дыдэми щlыналъэм и МВД-м хохьэ. Мыбдежым абы зыкъыщегъэлъагъуэ гъуэгум шынагъуэншагъэ щыгъэlэнымкlэ лэжьакlуэфlу зэрыщытыр. И lэнатlэм зэрыхуэlэкlуэлъакlуэм папщlэ, къыхуагъэфащэ «милицэм и отличник» бгъэхэlу нагъыщэр.

1980 гъэм Москва щекlуэкlа Олимпиадэр зэфlэкlыху, гъуэгум шынагъуэ щымыгъэlэным кlэлъыплъахэм яхэтащ икlи а къалэным егугъуу зэрыпэрытам папщlэ, Ахьмэд кърататауэ щытащ «Щlыхьым и дамыгъэ» орденыр, МВД-м и щlыхь тхылърэ ахъшэ саугъэтрэ. А гъэ дыдэм милицэм и лейтенант цlэри къыхуагъэфэщащ.

Хабзэм зэрытетыр, и къалэным зэрыхуэпэжыр, зэрыцlыху щыпкъэр къалъытэри, Лъэкlэпщыр 1978 гъэм Шэджэм РОВД-м ягъэкlуащ, автоинспектор къулыкъур щрихьэкlыну икlи пlалъэ кlэщlым къриубыдэу абы хузэфlэкlащ къыдэлажьэхэми къуажэдэсхэми я пащхьэ пщlэрэ щlыхьрэ щигъуэтын.

Милицэм щыхэтам, сабий садхэм ирашалlэхэм, школхэм щlэс ныбжьыщlэхэм я адэ-анэхэр зэхуишэсырти, гъуэгум къыщекlуэкl мардэхэм теухуауэ псалъэмакъ щхьэпэхэр ядригъэкlуэкlырт, щlэблэм ахэр яригъащlэрт. Лъэкlэпщым и къару емыблэжу и lэнатlэ мытыншыр ирихьэкlащ,пенсэм кlуэуэ тlысыжыху.

Ахьмэд дэлажьа, милицэми майор Жеттеев Залкуф а тlум я кум дэлъа ныбжьэгъугъэр игу къегъэкlыж:

- lэнатlэ щызэдепхьэкlым деж лэжьэгъу пхуэхъум куэд елъытащ. Къимыкlуэту зи къулыкъум пэрыт цlыху гуащlафlэ зэпlэззэрыт Ахьмэд ди нэхъыщхьэхэм ягъэпажэрт, хьэлэлу зэрылажьэм папщlэ. Дапщэщи ныбжьэгъу пэж уиlэныр псом нэхърэ нэхъапэщ икlи си насып кърихьэкlри, апхуэдэ цlыху телъыджэр лэжьэгъу схуэхъуат, сыт хуэдиз псалъэ гуапэ хужысlэми си гум зигъэнщlыркъым пэжыгъэр зи гъуазэу къыздэлэжьам.

Апхуэдэу цlыхум и гум фlыкlэ уилъыныр сыт и уасэ.

Ахьмэд къыхуагъэфэщауэ щытащ «Къулыкъур ныкъусаныгъэншэу зэрырихьэкlым папщlэ», «Урысейм и МВД-р илъэс 200 щрикъум» медалхэмрэ МВД-м къыбгъэдэкl щытхъу тхылъхэмрэ. Абы унагъуэ дахи иlэщ. И щхьэгъусэ Масирэтрэ езымрэ быниплl зэдапlащ, зыхуей хуагъэзащ, щlэныгъэ нэхъыщхьэ ирагъэгъуэтащ.

КЪАНКЪУЛ Раисэ.

Удэзыхьэхын щIыпIэхэр мащIэкъым

Урысей Федерацэм Турист хуэlухуэщlэхэмкlэ и зэгухьэныгъэм зэхигъэува рейтингым къызэрыхэщымкlэ, къэралым и щlыналъэхэм ящыщу туристхэр нэхъыбэу къыдэзыхьэх я щlыпlэхэм хэзыгъахъуэхэмкlэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр пэрытхэм яхыхьащ.

МЫ гъэмахуэм къриубыдэу ди деж щыlа хьэщlэхэм я бжыгъэр процент 17-кlэ нэхъыбэщ, нэгъабэ елъытауэ икlи абы щхьэусыгъуэ куэд иlэщ: lуащхьэмахуэ уардэр, гуэл щхъуантlэхэр, ауз дахэхэр, псы хущхъуэхэр, санаторэхэмрэ курортхэмрэ, инфраструктурэ зэпэщхэр, абыхэм къадэкlуэу, ди жыг хадэхэр, паркхэр, хьэуа къабзэр, лъэпкъ шхыныгъуэхэр, хьэщlагъэр зылъэгъуа, зыхэзыщlа туристхэм етlуанэ гъуэгуи къытрагъэзэжыну хуейщ, уеблэмэ я lыхьлыхэр, цlыхугъэхэр къыздашэ, ди щlыналъэр ирагъэцlыху.

Къэбэрдей-Балъкъэрым нэмыщl, Кавказ Ищхъэрэм щыщу а рейтингым хагъэхьар Дагъыстэным и закъуэщ. Япэ увыпlэр абы щызыlыгъыр Кърымырщ, ауэ куэдкlэ абы къыкlэрыхуркъым Ярославль, Волгоград, Кемеровэ областхэр, Красноярск, Приморскэ крайхэр, Адыгейр, Бурятиер, нэгъуэщl щlыналъэхэри.

БЭБЭЧ Башир.

Журналист IэщIагъэм хагъэгъуэзэнущ

«Урысейм и Журналистхэм я союз» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ къудамэм, КъБР-м Лъэпкъ lуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкlэ, Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкlэ, связымрэ цlыхубэ зэпыщlэныгъэхэмкlэ и министерствэхэр, «КъБР-Медиа»-р и щlэгъэкъуэну, пещэ «Журналист ныбжьыщlэм и еджапlэ» проектым. Абы ипкъ иткlэ, зи ныбжьыр илъэс 14 ирикъуам щыщlэдзауэ цlыху 25-рэ къащтэ.

Ахэр махуэку къэс сыхьэт 14-рэ дакъикъэ 30-м щыщlэдзауэ пщlэншэу ирагъэджэнущ дызэрыт илъэсым и фокlадэ - щэкlуэгъуэ мазэхэм къриубыдэу. Еджапlэм и хэщlапlэр: *Налшык къалэ, Ленинымм и цlэр зезыхьэ проспект, 5. Печатым и унэ.*

Журналист lэщlагъэм зыхэзыгъэгъуэзэну хуейхэм зрагъэтх хъунущ мыпхуэдэ телефонымкlэ: *8-909-487-50-22 (Ватсап)* е *мы электрон адресымкlэ: zaur-1960@yandex.ru*

Дунейм щыхъыбархэр

ХэкIыпIэхэр къагъэлъагъуэ

Тхьэмахуэ кlуам Аляскэ и ипщэ штатым щыlэ Анкоридж къалэм дэт дзэ базэм щызэхуэзащ Урысей Федерацэмрэ США-мрэ я президентхэу Путин Владимиррэ Трамп Дональдрэ. Апхуэдэу ди къэралым и лlыкlуэу а зэlущlэм хэтащ УФ-м хамэ къэрал lуэхухэмкlэ и министр Лавров Сергейрэ Президентым и дэlэпыкъуэгъу Ушаков Дмитрийрэ.

ЛlЫЩХЬЭХЭМ я зэхуэзэр нэхъыбэу зытегъэщlар украинэ зэныкъуэкъур зэфlэха зэрыхъунырт, ауэ абы къыдэкlуэуи нэгъуэщl lуэхугъуэ куэдым я гугъу ящlащ, лъэныкъуитlыр зэрызэдэлэжьэну унэтlыныгъэ щхьэхуэхэри къыхагъэщу.

США-м и президентым и псалъэхэм къызэрыхэщамкlэ, зэныкъуэкъур зэфlэхыным и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэм ятеухуауэ зэкlэ зэгурыlуэныгъэ щыlэкъым, ауэ абы зэрыхуэкlуэну lэмал хъарзынэхэр къагъэлъэгъуащ. Америкэм и лlыщхьэм Зеленский Владимир къыхуриджащ Урысейм зэухылlэныгъэ пыухыкlа ирищlылlэну, мамырыгъэр езымрэ европэ къэралхэмрэ куэдкlэ зэрелъытар къыхигъэщу.

Путин Владимир жиlащ Аляскэм щекlуэкlа зэlущlэм унафэ тэмэмым нэхъ гъунэгъу зэрыхуищlыр. «Америкэм хуэдэ дыдэу, Урысейри хуейщ Украинэм щыlэ дзэ зэпыщlэтыныгъэм икlэщlыпlэкlэ кlэух иlэну», - къыхигъэщащ ди къэрал Унафэщlым.

Бжыгъэм хэхъуащ

Мы гъэм дзэ lуэху хэхам хэтхэм, абыхэм я унагъуэхэм ящыщу худэчыххэр къагъэсэбэпу еджапlэ нэхъыщхьэхэм щlэтlысхьахэм я бжыгъэм хъарзынэу хэхъуащ. «Ведомости» газетым зэритхымкlэ, 2024 гъэм елъытауэ, ар процент 74,2-кlэ нэхъыбэщ.

КВОТЭ щхьэхуэкlэ еджапlэхэм щlэтlысхьащ дзэ lуэху хэхам хэтхэу, абыхэм я унагъуэхэм ящыщу, апхуэдэу «Урысейм и Лlыхъужь» цlэр зыхуагъэфэща, Лlыгъэм и орденищ зрата студент 28.383-рэ. Мы гъэм апхуэдиз цlыху бжыгъэм льготэр къыщlагъэсэбэпауэ къалъытэр Урысейм Егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ и министерствэм къэралым и экономикэр зыхуэныкъуэм елъытауэ еджапlэхэм пщlэ зыщlат тlысыпlэхэр нэхъыбэ ищlынкlэ зэрыхъунурщ.

«Экономикэмкlэ еджапlэ нэхъыщхьэ» лъэпкъ къэхутакlуэ университетым Егъэджэныгъэм и финанс-экономикэ lуэхухэр зезыгъакlуэ и центрым и lэщlагъэлl нэхъыщхьэ Абанкинэ Иринэ къызэрыхигъэщымкlэ, министерствэм къыхилъхьэну зэхъуэкlыныгъэхэм кърикlуэнкlэ хъунур зэlумыбзу зэрыщытым къыхэкlыу квотэ зиlэхэм я lэмалыр къагъэсэбэпауэ ращ.

Шыщхьэуlум и 19, *гъубж*

♦**Сурэтым и дунейпсо махуэщ**

♦**Гуманитар дэlэпыкъуныгъэм и дунейпсо махуэщ**

♦**1942 гъэм** Къардэн Къубатий Елъхъуэт (Осетие Ищхъэрэ) и деж бийм и кхъухьлъатитl къыщриудыхащ.

♦**1931 гъэм** къалъхуащ скульптор **Уэзы Заурбэч**.

♦**1935 гъэм** къалъхуащ КъБР-м, КъШР-м, АР-м щэнхабзэмкlэ щlыхь зиlэ я лэжьакlуэ **Бищlо Анатолэ**.

♦**1949 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щlэныгъэхэмкlэ доктор, КъБР-м щlэныгъэхэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Къэжэр Валерэ**.

♦**1954 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакlуэ, УФ-м и таможнэ lэнатlэм и генерал-майор, КъБР-м и Парламентыми депутат **Джатэ Руслан**.

♦**1965 гъэм** къалъхуащ режиссёр, КъБР-м гъуазджэхэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ **Дэбагъуэ Роман**.

Дунейм и щытыкlэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, республикэм уэфlу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 32 - 33-рэ, жэщым градус 19 - 21-рэ щыхъунущ.

Шыщхьэуlум и 20, *бэрэжьей*

♦**1919 гъэм** къалъхуащ шэрджэс тхакlуэ **Хьэкъун Исуф**.

♦**1921 гъэм** къалъхуащ УФ-м щlыхь зиlэ и артисткэ **Ерчэн Казимэ**.

♦**1972 гъэм** къалъхуащ хэхэс адыгэхэм я литературэр зыдж, ЩlИДАА-м член-корреспондент, филологие щlэныгъэхэмкlэ кандидат **Чурей Дыжьын**.

Дунейм и щытыкlэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 29 - 30, жэщым градус 29 - 22-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

ЩIэныгъэм дэщIыгъу зыгъэпсэхугъуэхэр

Бэрбэч Хьэтlутlэ и цlэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым lуащхьэмахуэ щlыналъэм щиlэ егъэджэныгъэ-щlэныгъэ центрым «Университет зэблэкlыгъуэхэр» зи фlэщыгъэ къэрал программэм ипкъ иткlэ «Щlэныгъэм дэщlыгъу зыгъэпсэхугъуэхэр» зи фlэщыгъэ щlэныгъэ-узэщlакlуэ lуэхугъуэхэр иджыблагъэ щекlуэкlащ.

ЯПЭ лъэбакъуэхэр зыча пэхуэщlэр дунейм къытехьэн папщlэ къэрал къулыкъущlапlэ зыбжанэм я лlыкlуэхэм я акъылрэ жэрдэмрэ зэхалъхьэн хуей хъуащ. Апхуэдэу УФ-м Щlэныгъэмрэ щlэныгъэ нэхъыщхьэмкlэ и министерствэм, УФ-м Егъэджэныгъэмкlэ и министерствэм, Урысейм Щlалэгъуалэм я lуэхухэмкlэ и къулыкъущlапlэм, «Пэрытхэм я зэщlэхъееныгъэм» я жэрдэмкlэ егъэджэныгъэ-щlэныгъэ центрым къэралым и щlыналъэ 24-м къикlыу жылагъуэ лэжьыгъэм жану хэт еджакlуи 100-м щlигъу зэхуэсащ. Пэхуэщlэм и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ ныбжьыщlэм пасэу и гур щlэныгъэмрэ lэщlагъэмрэ хуэгъэушыныр, лъэпкъхэм я щэнхабзэ лъапlэныгъэхэр зи лъабжьэ псэкупсэ гъэсэныгъэм хэлъ фlагъхэм щыгъэгъуэзэныр, зыщагъэпсэхум деж къэралми лъэпкъхэми я дежкlэ мыхьэнэ зиlэ тхыдэ къэхъугъэхэмкlэ щlэныгъэ зрагъэгъуэту егъэсэныр.

УФ-м Щlэныгъэмрэ щlэныгъэ нэхъыщхьэмкlэ и министерствэм и лэжьакlуэхэм зэрыжаlэмкlэ, пэхуэщlэр гъащlэм хэпщэн хуейуэ къэзыгъэув къэрал программэм къулыкъущlапlэр щыхагъэхьэм, егупсысащ, курыт еджапlэм щlэс цlыкlухэм яхуэгъэзауэ сыт хуэдэ жэрдэм къыхалъхьэфынур, ар икlи абыхэм гъэщlэгъуэн къащыхъун, икlи щхьэпэ хэлъу ирагъэкlуэкlын хуэдэу.

- Ди къэралым щыпсэухэр лъэпкъ зэмылlэужьыгъуэхэм къахэкlащ, абыхэм дин зэмыщхьэр зэрахьэ, дэтхэнэми езым и хабзэрэ и дуней тетыкlэрэ зиlэж жылэу зэхэтщ. А щытыкlэм ди пащхьэ кърагъэувэ къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ зэхэгъэж дымыщlу языхэзми гулъытэ хэха егъэгъуэтыныр. Пэхуэщlэр къыщыхалъхьэм, дэ мыхьэнэ иlэу къэтлъытащ ныбжьыщlэхэм зыщагъэпсэхукlэ, зыузэщl, лъэпкъхэр зэрызыгъэцlыху lуэху щlэщыгъуэхэр къыхэлъхьэныр. Абы теухуауэ упсалъэмэ, тхыдэм хуэдэу узыlэпызышэн щыlэу къыщlэкlынкъым. Щхьэхуэ-щхьэхуэу дэтхэнэ лъэпкъми езым и гъуэгу къикlужащ, ар гурыlуэгъуэщ, ауэ дэ тедгъэчыныхьащ къэралым и зэфlэувэным псоми я зэхуэдэ lыхьэ зэрыхэлъыр къызыхэщыж тхыдэ къэхъугъэхэр нэхъыбэ щlыным. Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я нэхъыбэр зы къэралу щыlэн щрагъэжьар XX лlэщыгъуэрати, а илъэсищэм гъащlэм къызэрымыкlуэу lуэхугъуэ куэд щекlуэкlащ, дызэкlэрашхэу, дызэрашалlэу, зы гъуэгу дызэрытетыр къэзыгъэлъагъуэ гупсысэкlэ къытхапщэу. Ар щыlэныгъэм и лъэныкъуэ псоми ятеухуащ - щlэныгъэми, гъуазджэми, щэнхабзэми, нэгъуэщl куэдми. Дэ ди къалэныр фlыр и гущlыlукlэ къэдгъакlуэу, щlалэгъуалэр гъунэгъу зэхуэзыщl жэрдэмхэр я пащхьэм щыдгъэнэхъыбэныраащи, мы пэхуэщlэм а lэмалыр къыдет, дэ къыхэтлъхьэ гукъэкlым унэтlыныгъэ хэха lуэхуми хуищlу къытщохъу, - жаlэ къулыкъущlапlэм и lэщlагъэлlхэм.

lуэхугъуэ щlагъуэм къриубыдэу къызэгъэпэщакlуэхэм мастер-классхэр, lэнэ хъурейхэр, зэпеуэхэр, уэршэрхэр, зэныкъуэкъухэр ирагъэкlуэкlащ. Апхуэдэу медиадунейм щlалэгъуалэм щагъэлъэгъуапхъэ щlэныгъэм, шыlэныгъэм, зэпlэззэрытагъым ехьэлlауэ псалъэмакъ щхьэпэ еджакlуэхэм ядригъэкlуэкlащ КъБКъУ-м и лэжьакlуэ Джэрыджэ Залинэ.

SMART-кlэ зэджэ lуэху щlэкlэм кlуэ пэтми нэхъыбэр тохьэ. Абы къегъэув сыт хуэдэ lуэху иумыгъажьэми, абыкlэ къалэн пыухыкlахэр бгъэуву, кърикlуэнкlэ хъунур зэпэплъытэу ущытыныр. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр зыбжанэ лъандэрэ тетщ а lуэху щlэкlэм. Апхуэдэу КъБКъУ-м и лэжьакlуэ Лопатинэ Кристинэ ныбжьыщlэхэм епсэлъылlащ зыпэрыхьэ lуэхумкlэ къалэн зыщащlыжыпхъэм, пэхуэщlэхэр зэрызэхагъэувэм, ахэр гъащlэм хапщэн папщlэ, лъэбакъуэу ячхэр зэрыщытын хуей щlыкlэхэм теухуауэ.

Зэхуэсым кърихьэлlахэр тепсэлъыхьащ езыхэм я гъащlэ гъуэгум зыщрихьэлlа lуэхугъуэ зэмылlэужьыгъуэхэм, къайхъулlахэмрэ яхузэфlэмыкlахэмрэ къызыхэкlа щхьэусыгъуэхэр зэпкърахащ, къыхаха lэнатlэм щlыдихьэхымрэ абы хэлъ щыщlэныгъэхэмрэ я гугъу ящlаш. Лъэныкъуэ куэд къызэщlэзыубыдэ пэхуэщlэм щытепсэлъыхьащ егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмрэ я мызакъуэу, дунейм къыщекlуэкl lуэхугъуэ куэдым. Щlалэгъуалэр я гупсысэрэ lуэху еплъыкlэхэмкlэ зэдэгуэша къудейкъым, атlэ гъащlэм зыщыlуухэм хыхьэпlэ-хэкlыпlэ куэд зэриlэм, зы цlыхум ейм и закъуэ мыхъуу, акъыл зэхэдзэкlэ ущызэдеlэм деж сыт хуэдэ жэрдэмри нэхъ щlэх зэфlэха зэрыхъум, нэхъыжьрэ гъуазэрэ зиlэр гъуэгу захуэ зэрытеувэнум теухуауэ куэдым щlагъэдэlуащ.

Махуэ бжыгъэр купщlафlэу, гупсысэ гъэщlэгъуэн куэдкlэ гъэнщlауэ зыхьа щlалэгъуалэм ящыщ дэтхэнэми къызэгъэпэщакlуэхэм тыгъэхэр иратащ, зэхуэсыр зыщамыгъэгъупщэну, ялъэгъуамрэ зэхахамрэ езыхэм я ныбжьэгъу цlыкlухэм жраlэжыну къыхураджэу.

ШУРДЫМ Динэ.

Лъэпкъ lущыгъэ:

Зи нэхъыжь едаlуэ и lуэху мэкlуатэ.

Гугъэмрэ хъуапсэмрэ щызэтехуэм деж

ГъащIэм лъэбакъуэ узыншэкIэ хэбакъуэ адыгэ ныбжьыщIэхэм уащымыгуфIыкIынкIэ, лъэпкъым и пщэдейрей махуэхэр абыхэм зэрырагъэфIэкIуэнумкIэ гугъапIэхэр умыщIынкIэ Iэмал иIэкъым. МеданкIэ узыхэгъуэщыхьыну дунейм и кIуапIэ-зэблэкIыпIэ бжыгъэншэхэм теувэхэм хаш лъагъуэм куэдкIэ елъытащ ахэр зыхуэкIуэнури къызыхэкIа лъэпкъым и цIэр нэгъуэщIхэм зэражригъэIэну щIыкIэри.

ЩIАЛЭГЪУАЛЭМ уеущиенущ, я гур дахагъэм хуэбгъэушынущ, ауэ яжепIэмрэ ебгъэлъагъумрэ я гущIэм зыкъыщамыIэтмэ, узыпэмыплъэ куэд кърикIуэнкIэ шынагъуэ щыIэщ. Арагъэнущ адыгэ щэнгъасэм щIэблэр дунейм къыщытехьам щегъэжьауэ игъасэу, япэ лъэбакъуэхэр щачым къыщыщIэдзауэ игъэгъуазэу, щыIэныгъэм гъэзапIэ куэд дыдэ зэриIэр яригъэлъагъуу щIыщытыр. НэгъуэщIу жыпIэмэ, дунейм гъуэгу куэд зэрыщызэблэкIыр, дэтхэнэми фIы къызэрыщыпэплъэр ирагъэлъагъурт. А щытыкIэм ныбжьыщIэхэм я гур утIыпщауэ, цIыкIу щIыкIэ сыт хуэдэ щIэми яхуэзэIухауэ къыдрегъэкIуэтей.

Мис апхуэдэу игу-и псэр цIыхум зэрахуигъэщхьэпэным хуэгъэзауэ къэтэджащ Налшык къалэм дэт курыт еджапIэ №9-м и 11-нэ классым щIэс ГъукIагъуэ Ясмин. Зэрысабийрэ зи цIэр дахэкIэ кърaIуэ адыгэ пщащэ цIыкIур зэхьэзэхуэ куэдым я утыкум итащ, зым нэхърэ адрей къиихьэгъуэм и зыIыгъыкIэкIи, и псэлъэкIэкIи хигъахъуэу. И анэш къуажэм - Къэрэшей-Шэрджэсым хыхьэ ПсэукIэ-Дахэ фIэщыгъэ хьэлэмэтыр зиIэ Къылышкъуажэжьым - сабийуэ яшэу илъагъу псори гъэщIэгъуэн зыщыхъуа, адыгэ жылэжьым и хъуреягъкIэ лъагэу къыщхьэщыт Iуащхьэхэмрэ щежэх псыхэмрэ зыIэпаша Ясмин и япэ усэр зэхилъхьащ, абы и тхыгъэ кIэщI цIыкIухэр къыкIэлъыкIуащ. Ауэ хьэлэмэт дыдэу абы ехъулIэныгъэфIхэр щызригъэгъуэтар журналистикэрщ. Абы и нэтынхэр щIэх-щIэхыурэ «1 КБР» телеканалым къат, зытепсэлъыхь Iуэхугъуэхэм и ныбжьэгъу-лъэгуажьэгъу цIыкIухэр къызэщIаIэтэ.

Ясмин и ехъулIэныгъэхэм нэсын щхьэкIэ лэжьыгъэ хъарзынэ къызэринэкIащ. Хъыджэбзым дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIащ «ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ къэралым щрагъэкIуэкI «Пщэдейм уезыгъэблагъэ тхылъ» («Билет в будущее») Iуэхугъуэшхуэр. Дыгъуасэ хуэдэщ Ясмин лъэпкъ журналистикэм япэ лъэбакъуэхэр щыхичар, зыщIэс еджапIэм къыщекIуэкIхэм ятеухуауэ нэтын кIэщIхэр игъэхьэзыру щыщытар - иджы абы и лэжьыгъэхэр цIыху минхэм ялъагъу.

«Пщэдейм уезыгъэблагъэ тхылъ» пэхуэщIэр зи хъуэпсапIэхэр зэпцIа, къыхихыну IэщIагъэмкIэ зи гугъэхэр зэпэща ныбжьыщIэхэм я утыкущ. Абдеж щIалэгъуалэм унэтIакIуэхэр щагъуэт, зыгъэгъуэзэн IэщIагъэрылажьэхэр пашэ щахуохъу. А утыкуращ Ясмин журналистикэр и гъащIэм гуэх имыIэу зэрепхар къыщыгурыIуар, ар дэзыхьэх Iуэху цIыкIу гуэру мыхъуу, и дунейр зэтезыгъэувэну гъуэгуу зэрыщытыр щызихыщIар. Курыт еджапIэм къыщIэмыкI щIыкIэ, яфIэгъэщIэгъуэн Iуэхугъуэхэмкlэ ныбжьыщIэхэм загъэунэхужыну хэкIыпIэ хъарзынэхэр къызэритыр къыхэгъэщын хуейщ. Ясмин а Iэмалыр фIы дыдэу къигъэсэбэпащ.

Къызэрыхэдгъэщащи, ГъукIакъуэм усэхэр етх. УзыщыгуфIыкIынщи, Ясмин адыгэбзэр и гъащIэм шэщIауэ хэтщ. Ар Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и утыкум щоджэгу, и къалэмыпэ къыщIэкI усыгъэми анэдэлъхубзэми увыIэпIэ хэха щегъуэт. Апхуэдэу ГъукIакъуэр утыку итыкIэмрэ джэгуакIуэ гъуазджэмкIэ дунейпсо зэхьэзэхуэхэм мызэ-мытIэу къыщыхэжаныкIащ, операторым и IэнатIэми зыщигъэунэхужу лэжьыгъэ хъарзынэхэри ищIащ, сурэт техынымкIэ и зэфIэкIхэмкIи зыкъигъэлъэгъуащ. Сытми зрипщыту, сыт хуэдэ щIэщыгъуэми зриту зэрыщытрагъэнщ ар «Iущхэмрэ Iущыцэхэмрэ» («Умники и умницы») зэпеуэм хыхьэу екIуу зыщIигъэлъэгъуари, Сочи къалэм щекIуэкIа Бжьыгъуэ зэфIэхьым Гран-при тыгъэр къыхуагъэфащэу куэд зэрыхузэфIэкIым къэпщытакIуэхэр щыхьэт щIытехъуар.

«Зэфэну псыр иджыри къэжакъым» жаIэ хабзэщ зи ныбжьыщIэгъуэхэм папщIэ. ГъукIакъуэ Ясмини аращ - дяпэкIэщ абы и зэфIэкIхэм я хъыбар щызэхэтхынур, лъэпкъыр дызыщыгуфIыкIыну и ехъулIэныгъэхэр къыщытлъэIэсынур. Ауэ нобэкIэ абы и Iуэхум зы гъэсэпэтхыдэ хэлъщи, абы тегъэщIэн хуейщ - цIыкIуу къемыжьэ ин хъуркъым, жаIэ. Курыт еджапIэм и гъащIэм теухуа нэтын кIэщIхэмкIэ къыщIидзэри, зытемыкIыну гъуэгушхуэм теуващ. Абы и ныбжьэгъу цIыкIухэм я фIэщ ищIащ я гум иралъхьэр къазэрыдэхъунур, абы ерыщу телажьэмэ, ар гъащIэм хапщэн хуэдэу гушхуауэ телажьэмэ. Ясмин хузэфIэкIащ къэрахьэлIэ чэнджэщхэм щIэдэIун, къиIэт Iуэхугъуэхэр нэхъыфI зэрыхъунум и гъуэгухэр къыщрагъэлъагъукIэ, езым и Iуэху щIэкIэм хэлъ хъэтIхэр химыгъэкIуадэу, къыжраIэхэм хэлъ пэжри къыхихын. НыбжькIэ щIалэми, балигъ куэдым уахуэхъуэпсэну, даIуэу икIи зэхихыу къыщIэкIащ адыгэ хъыджэбз цIыкIури, а щIыкIэм зэрытемыкIынумкIэ гугъапIэхэр уегъэщI.

«Пщэдейм уезыгъэблагъэ тхылъ» пэхуэщIэм Iэмал хъарзынэхэр зритар Ясмин и закъуэкъым. Абы илъэс зыбжанэ хъуауэ хэтщ Налшык къалэм дэт курыт школ №9-м и еджакIуэхэр. Илъэс къэс утыкум ирахьэ лэжьыгъэхэр зэщхьэщыкIми, зыухуэунэтIар зыщ - цIыху дахэм гъуэгуфI етынырщ. ГъукIакъуэм и щапхъэр абы и шэсыпIэ пэжщ.

Дахэ зыжраIэ дахэ мэхъу, жаIэ. ГъукIакъуэ Ясмин гъащIэ псо къыпэщылъщ, зиузэщIыну, зиужьыну, зиIэтыну. НобэкIэ абы и ехъулIэныгъэхэм уагъэгушхуэ, дэплъеин ныбжьыщIэхэр мымащIэу зэрыщыIэнум къыхэкIкIэ. ИкIи куэдым гъуазэ яхуэхъуащ хъыджэбз цIыкIури, къраплъ фэ дахэр фагъуэ мыхъуу, дяпэкIи и хъыбарыфIхэр нэхъыбэу къэIуу къихыха IэнатIэм зыщиужьыну ди гуапэщ.

ЩХЬЭЩЭХУЖ Инал.

Iэпкълъэпкъыр зэфIэзыгъэувэж, къаруущIэхэр къыхэзылъхьэж

Тхыдэ мыжыжьэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, «рекреацэ» псалъэр СССР-м къагъэсэбэпын щыщIадзар 1960 гъэхэм я етIуанэ Iыхьэм къыщегъэжьауэщ.

ЦIЫХУМ и узыншагъэм кIэлъыплъхэм яхэтщ туризмэр рекреацэм и Iыхьэ нэхъыщхьэу къэзылъытэхэри а тIур зэпх мыхъуну зыгъэувхэри.

Туризмэм, псалъэм папщIэ, хохьэ лэжьыгъэ IуэхукIэ гъуэгуанэ хэхам зеппщытынри а унэтIыныгъэм хэхъуэ къыхэхынри. Ауэ, мыдреймкIэ дыкъыщеплъмэ, рекреацэм халъытэ псори туризмэкъым. Псалъэм папщIэ, цIыхухэр жылэбгъу-къалэбгъухэм щаIэ хадэхэм зэрилэжьыхьыр, зэрызыщагъэпсэхур, зэштегъэупIэхэмрэ физкультурэмкIэ IуэхущIапIэхэм, гъуазджэмкIэ зэгухьэныгъэхэм зэрыкIуэр, нэгъуэщI абы хуэдэхэри.

Лэжьыгъэм, щIэныгъэм, унагъуэр зыхуей хуэгъэзэным зыкъыдигъахуэу, цIыхур щIыпIэ хэха гуэрым, зыщигъэпсэхун, и узыншагъэр щызэригъэувэжын папщIэ гъуэгу зэрытехьэм «рекреацэ туризмкIэ» йоджэ.



А псалъэ зэхэтым къызэщIеубыдэ зыплъыхьакIуэ ежьам езым фIэфIу къыхих щIыпIэ пхыдзахэри, цIыхухэр зыдрагъэхьэх нэгузегъэужьыпIэ-зытегъэупIэ «гъэщIэрэщIахэри», Iэпкълъэпкъыр зыпсыхь спорт лIэужьыгъуэхэри, лъэс къэкIухьыкIэри, зи къабзагъэрэ дахагъэкIэ узыIэпызышэ «тэхъуанэхэм» зэрызыщаплъыхьри, хы Iуфэ-псы Iуфэхэм «зэрыщепсыхри», нэгъуэщI абы хуэдэхэри.

Къыхэгъэщыпхъэщ, мы къедбжэкIахэм ящыщу лъэсырыкIуэныр нэхъ зэгъэхъулIэгъуафIэу зэрыщытым имызакъуэу, узыншагъэр зэрырагъэфIакIуэ Iэмал нэхъ зэгъхэм ящыщу куэдым къызэралъытэри. Абы и щыхьэту къоув медицинэм и лэжьакIуэхэри. Лъэс къэкIухьыкIэм, пщIэ гуэр зэрыщIамытым и мызакъуэу, цIыхум и Iэпкълъэпкъыр зэрегъэубид, «зэрына» и пкъырыпкъынэхэр зэрегъэкIыж.

Дэтхэнэри ди пIэ дизымыгъэзагъэ къару нэхъ лъэщ дыдэхэм ящыщщ щIэ гуэр зэгъэщIэным сытым дежи дызэрыхуэпабгъэмрэ ткIэрымыкI гупсысэу «дыздэкIуэм къыщытпэплъэр сыт?» жыхуиIэмрэ.

Апхуэдэ нэщэнэрэ хьэлщэнрэ, щэхуми нахуэми, зыхэлъ цIыхухэм дэнэ щIыпIэкIи уащрохьэлIэ. ИкIи арагъэнущ дунейм тет къэрал псоми туризмэм пщIэ лей щIыхуащIыр.

ЩIыналъэр нэгузегъэужьыпIэщ, абы и мэзхэмрэ и псыхъуэхэмрэ зэрыщытауэ къызэтрагъанэмэ, цIыхум сэбэп хуэхъу къэкIыгъэхэм уащрихьэлIэмэ, тхыдэ-щэнхабзэ фэеплъхэм уащыIущIэмэ. Дахагъэр щытепщэ щIыпIэхэм дытрагъэу къудейкъым, атIэ ди зэхэщIыкIми зрагъэужь, ди къэухьми хагъахъуэ.

Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, археологием хуэщIа щIытI лэжьыгъэхэр зэрырагъэкIуэкIым кIэлъыплъыныр, къуалэбзухэм, псэущхьэхэм я псэукIэмрэ псышхуэ, хыжьей лъабжьэхэм къыщыхъу-къыщыщIэхэмрэ щыгъуазэ захуэщIыныр, нэгъуэщI абы хуэдэхэри.

«Рекреацэ» псалъэмкIэ къызэщIрагъэубыдэн хуейхэм, къинэмыщIауэ, хабжэ бгыхэм зэрыдэкIуей-къызэрехыжыр, щакIуэ зэрыдэкIыр, бдзэжьей ещэкIэр, шы тесыкIэ-къэжыхьыкIэр, кхъуафэ лъэрыт цIыкIухэмкIэ хысыджхэр «IумпIафIэ» зэращIыр, нэгъуэщIу абы хуэдэхэри...

Дауи, мы яужьрейуэ къедбжэкIахэм захуэгъэхьэзырынымрэ абыхэм хуэщIа Iэмэпсымэхэр зэгъэпэщынымрэ гугъуехьу пыщIари мащIэкъым. Ауэ, зэрытщIэщи, абы щхьэкIи къамыгъанэу, зи гугъу тщIы спорт лIэужьыгъуэхэм зыдезыгъэхьэххэм я бжыгъэм хэхъуэ зэпытщ.

Ди тхыгъэ кIэщIыр къызэщIэткъуэжынщи, цIыхум и ешымрэ и езэшымрэ щхьэщызыгъэууэ къаруущIэхэр къыхэзылъхьэж дэтхэнэ зы Iэмалри, щIыуэпсым ар пыщIамэ, «рекреацэщ».

ХЬЭТЫКЪУЭ ЩауапцIэ.

Лъэпкъ пэхуэщIэхэр

«ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ Тэрч щIыналъэм и Дей, Курп Ищхъэрэ къуажэхэр зэпызыщIэ автомобиль гъуэгур, Осетие Ищхъэрэ - Аланием и гъунапкъэм нэсыху, къызыхуэтыншэу къызэрагъэпэщыж. Псори зэхэту километри 5,8-рэ и кIыхьагъщ икIи республикитIыр зэпещIэ, цIыхухэми Iэмал яIэщ зэкIэлъыкIуэну, я лэжьыгъэ Iуэхухэри дагъэкIыну.

ЛЭЖЬЫГЪЭ ирагъэкIуэкIыр щIагъэхуэбжьэн, фIагъ иIэми хагъэхъуэн щхьэкIэ, асфальтрэ бетонрэ зэхэзыщIэ, бгъэIэпхъуэ хъухэм хуэдэ завод а щIыпIэм деж щагъэуващ. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм и фIыгъэкIэ, асфальтыр къешэлIэным трагъэкIуадэ зэманым фIыуэ кIэрыхуащ, лэжьыгъэми щоужьэрэкI, дунейм и щытыкIэри зэран къахуэхъуркъым.

Гъуэгу лэжьакIуэхэм иджырей технологиехэр къагъэсэбэпу гъуэгум и щхьэфэм асфальтрэ бетонрэ зэхэщIауэ иджыпсту тралъхьэ, пIалъэ нэхъыбэкIэ зэрытелъынум, хьэлъэ инхэр зэрыхуэшэчыным хуэщIауэ. Абы къыдэкIуэу, псыр зэрыIуаш бжьамийхэр щIэуэ яукъуэдий.

Лэжьыгъэм икIэм хыхьэу гъуэгу дамыгъэхэр, къэухьэр ягъэувынущ, зэхыхьэпIэ-зэхэкIыпIэхэр къыхагъэщхьэхукIынущ, цIыхухэм я шынагъуэншэгъэр къызэрызрагъэпэщ нэгъуэщI Iэмалхэри къагъэсэбэпынущ. Ар щызэфIэкIынур 2025 гъэм и жэпуэгъуэрщ.

Лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ апхуэдэуи зыхуей хуагъэзащ Аруан районым и Мэрзэхъу, Шытхьэлэ къуажэхэр зэпызыщIэ, километри 6,3-рэ зи кIыхьагъ автомобиль гъуэгур. «Налшык - Нарткъалэ» щIыналъэ трассэм деж абы щыщIедзэри Шытхьэлэ и Школьнэ уэрамым хохьэжри адэкIэ Мэрзэхъу къуажэм дохьэри Комсомольскэ уэрэму пещэ. Абы тетщ къуажэ администрацэм и хэщIапIэр, поштыр, Хэку Зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъыр. Абы нэмыщI, Шытхьэлэ дэлъэдэпIэм деж, метр 700 зи кIыхьагъ гъуэгури зыхуей хуагъэзащ.

Гъуэгу лэжьакIуэхэм ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм къуажэхэм щыпсэухэр арэзы техъуащ. «Япэм гъуэгур мыхьэнэшэ дыдэу щытащ, псом хуэмыдэу, бжьыхьэмрэ щIымахуэмрэ абы ущызекIуэну гугъу хъурт. Иджы тыншщ, шынагъуи щыIэкъым», - жиIащ къуажэдэс цIыхубзым.

Гъуэгур лажьэу ирагъэжьэн ипэ къиихуэу КъБР-м Транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министерствэмрэ ЩIыналъэ гъуэгухэмкIэ управленэмрэ ар зыхуэдэр, щыIэ мардэм къызэритIасэр къапщытащ икIи дагъуэ хуащIакъым.

ТОМЭКЪУЭ Алыдж.

Узэплъыр къэкIуатэу

1972 гъэм нэмыцэ бзылъхугъэ Сейдер Вероникэ метр 1600-кIэ пэжыжьэ цIыхухэм я теплъэр IупщIу къилъагъуфащ. Ар тIощIкIэ нэхъыбэщ цIыху къызэрыгуэкIым къилъагъуфынум нэхърэ. Сейдер Гинессым и цIэр зезыхьэ, рекордхэр зратхэ тхылъым итщ. Псоми апхуэдэу нэ жан яIэу щытами, нэхъри нэхъ гъунэгъужу, нэхъ IупщIыжу зэралъагъуным иужь итынут цIыхухэр, Iэмалхэр къагупсысу.

ПАСЭРЕЙ алыджхэм, мысырхэм, шумерхэм теплъэр IупщIу уэзыгъэлъагъу Iэмалхэр къагупсысыну хэту абджымрэ псымрэ я пIалъэхэр къахутэрт. Урымхэми гу лъатат дыгъэ бзийр зыкIуэцIрыкI псым упхыплъмэ, узэплъыр нэхъ гъунэгъу къызэрыхъум. Абы тету абджым елэжьурэ, линзэр къэунэхуащ.

XIII лIэщIыгъуэм гъунэгъуу уэзыгъэлъагъу Iэмэпсымэ зэгъэпэщыным япэу зрапщытащ. Инджылыз монах Бэкон Роджер абдж къигъэпщамрэ иушкIумбамрэ зэхуэгъэкIуэным елэжьри, 1268 гъэм къехъулIащ узэплъыр гъунэгъу къэзыщI Iэмэпсымэ ищIын. 1508 гъэм Леонардэ да Винчи линзитI зэрылъ нэрыплъэм и схемэ зэхигъэуващ, линзэхэр зэрахъуэ Iэмэпсыми къигупсысащ. А зэманым техникэм и лъэкIыныгъэхэм къызэримызэгъам къыхэкIыу абы и схемэр щIэх къэсэбэпакъым. 1558 гъэм итальян щIэныгъэлI Жанбаттист деллэ Портэ и «Телъыджэ къызэрыгуэкI» («Естественная магия») лэжьыгъэм щытетхыхьащ абдж къигъэпщам нэхъ гъунэгъуу, игъэпщхьам нэхъ жыжьэу зэрыуагъэлъагъум.

Галиллей Галилео къигупсысащ нэрыплъэ, зы абджыр къигъэпщауэ, етIуанэр иушкIумбауэ илъу. Япэу ищIащ хуэди 3-кIэ, етIуанэу хуэди 8-кIэ, ещанэуи хуэдэ 32-кIэ нэхъ гъунэгъуу уэзыгъэлъагъу Iэмэпсымэр. Иужьрейр телескопу убж хъунут. Абы и сэбэпкIэ Галилео астрономием къэхутэныгъэшхуэхэр щригъэкIуэкIащ. 1624 гъэм щIэныгъэлIым и нэрыплъэхэр куэду къыщIигъэкI хъуащ. Абыхэм ящыщ зы зыIэригъэхьауэ щытащ урыс пащтыхь Романов Михаил. Галилей и Iэмэпсымэр куэдрэ зекIуэртэкъым, махэIуэти. Линзэр зыхегъэубыда пкъыгъуэр тхылъымпIэпсым къыхэщIыкIати, уэшхми уэсми щыпIыгъ хъуртэкъым, щIэхыу зэпкърыхурти, абджыр изагъэртэкъым. Ауэ щыхъукIэ, нэгъуэщI зэрыщымыIэм къыхэкIыу, Европэ псом ар къыщагъэсэбэпырт.

Нэрыплъэм елэжьащ нэмыцэ щIэныгъэлI, астроном Киплер Иоганн. А Iэмэпсымэм триухуащ 1611 гъэм итха «Диоптрик» лэжьыгъэр. ЩIэныгъэм ар къыщокIуэ «Киплер и схемэкIэ» еджэу. Нэмыцэ щIэныгъэлIым и Iэмэпсымэм нэхъыфIу уигъэлъагъурт, абы пкърылъхьа абдж къигъэпщар тIуащIэу къыхэкIыгъэт. Зым узэплъыр нэхъ Iупщ ищIырт, адрейм - нэхъ гъунэгъу. Ауэ нэрыплъэм зы дагъуэшхуэ иIэт: теплъэр зэгъэдзэкIауэт зэрыуигъэлъагъур. Абы къыхэкIыу дзэм хэтхэми, псым тетхэми ар къагъэсэбэпыртэкъым. Ауэ уафэм уриплъэну, вагъуэхэм уакIэлъыплъыну абы къыпэхъун щыIэтэкъым. Абдж къигъэпща тIуащIэр тIууэ бжьамийм зэрилъым фIыуэ гъунэгъу къищIырт уэгур.

Нэрыплъэм и тхыдэм хэлъхьэныгъэ хуищIащ Ломоносов Михаил. Урыс щIэныгъэлIым абы теухуауэ итхащ «Жэщ нэрыплъэм уигъэлъагъур» лэжьыгъэр. Абы и Iэмэпсымэр къыщыбгъэсэбэп хъурт нэху щIагъуэ здэщымыIэм. 1758 гъэм Ломоносовым и Iэмэпсымэр ЩIэныгъэмкIэ академием ихьащ, ауэ ар къащтакъым.

1758 гъэм инджылыз щIэныгъэлIхэу Долонд зэадэзэкъуэм я фIыгъэкIэ нэрыплъэм и бжьамийр (труба) нэхъ кIэщI, нэхъ пхуэгъэIэрыхуэ хъуащ. 1850 гъэм итальян инженер Порро нэрыплъэм нэхур къызэриубыдым и Iэмалыр къигъэсэбэпри, и бжьамийр нэхъри нэхъ кIэщI ищIащ, линзэм уиплъэми, нэхум елъытауэ теплъэм зигъазэу къыпщыхъурт. 1859 гъэм француз инженер Буланже, Порро и Iэмалымрэ Галилео и схемэмрэ къигъэсэбэпри, нитIымкIи уиплъэ хъууэ нэрыплъэ ищIащ. XVII лIэщIыгъуэм метр 70 хъу телескоп ящIащ. Абы вагъуэхэм урикIэлъыплъырт.

Ди зэманым нэрыплъэ зэмылIэужьыгъуэ куэд щыIэщ. ЩакIуэхэм, псым техьэхэм, дунеяплъэхэм папщIэ щхьэхуэу ахэр ящI, къалэнышхуэ ямыIэми, зрытрагъэуэ нэрыплъэ зыщыгъэхэми куэду урохьэлIэ.

ГЪУЭТ Синэ.

Нэгъабэ елъытауэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и фермер, унэе IуэхущIапIэхэм зэхэту мэл, бжэн щхьэ бжыгъэу мини 136,5-рэ яIыгъыу яхъащ мэкъуауэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу.

НЭГЪАБЭ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ процент 15,8-кIэ нэхъыбэщ ар. Апхуэдэу щыхъукIи, республикэм мэлрэ бжэну щаIыгъым и Iыхьэ щанэм нэблагъэр абыхэм яйщ, къитащ Кавказ Ищхъэрэм СтатистикэмкIэ и управленэм.

IуэхущIапIэшхуэхэм зэбгрыгъэха хъыбарым къызэрыщыхэщыжымкIэ, Iэщышхуэм и щхьэ бжыгъэми проценти 4,3-кIэ хэхъуащ, абы щыщу жэмым – проценти 2,1-кIэ. Джэдкъазым къэдгъэлъагъуэмэ, процент 20,6-рэ хэхъуэу щытщ.

2025 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу фермер, унэе IуэхущIапIэхэм зэхэту Iэщышхуэу мин 46,1-рэ яIащ, абыхэм ящыщу жэму мин 29,4-рэ. Джэдкъазыр мин 671,4-рэ хъуащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

ЛъабжьэфI зэрыхъунум шэч хэлъкъым

ТхылъыщIэ

Лъэпкъ мащIэхэм я анэдэлъхубзэхэр щытыкIэ гугъу зэритыр зым и дежкIи щэхукъым: абыхэм къыдэкIуэтей щIэблэм я гъащIэм щаубыд увыпIэр кIуэтэху нэхъ мащIэ мэхъу, иримыпсэлъэфхэм я бжыгъэм хохъуэ, бзэхэм псалъэ куэд дыдэ хокIуэдыкI.

УТЫКУШХУЭХЭР зыубыда бзэхэм еплъытмэ, лъэпкъ мащIэхэм я бзэхэм къалъыс гулъытэр къызэрымыкIуэу мащIэщ. ДызыхэпсэукI дунейр технологиещIэхэм я лъэхъэнэщи, абыхэм гъащIэм къыхалъхьэ зыужьыныгъэм шэч къытумыхьэну щытми, я ягъэ зэкIри мащIэкъым - бзэр зэрыт щытыкIэм ар нэрылъагъу къытщещI: щIэныгъэмрэ техникэмрэ къэхутэныгъэхэр зэрыщрагъэкIуэкI бзэм зеужь, и Iэмалхэр мэбагъуэ; абы къыщхьэщыкIыу, унагъуэ кIуэцIым къинэ, махуэкъэс Iуэхухэм нэхъ ятегъэщIауэ щыт лъэпкъ мащIэхэм я бзэхэм я утыкур нэхъ цIыкIуу къонэ.

Дунейм къыщекIуэкI хьэлэмэт псор къэзымыIуэтэфын бзэ щыIэкъым икIи гурыIуэгъуэщ, бзэр мылажьэмэ, IэщIагъэ икIи IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм зрамыгъакIуэмэ, хузэфIэкIынур къэмыхутауэ къызэрынэр. Илъэс минхэр къызэпызыча адыгэбзэр къапщтэмэ, лъэкIащ тхыдэм и къэхъугъэ куэд зихуэдэ щымыIэ бзэ хьэлэмытэщэкIэ и IуэрыIуатэхэм щихъумэн. Сыт и уасэ уагъэ-щыгъэм, дыщэидэм, арджэным, уанэм, щIопщым, нэгъуэщI куэдми епха лъэпкъ IэщIагъэхэм япыщIа псалъэхэр - щэ бжыгъэхэр къэгъэнауэ, мин бжыгъэхэм ныззэрыхьэсу фIэщыгъэ хьэлэмэтхэр къадогъуэгурыкIуэ. Ахэр зэрыщыIэр зы фIыгъуэу, я къэхъукIэрэ псалъэ гъэпсыкIэм уакIэлъыплъмэ, бзэм и щхьэпэу къэкIуэнур къыпхуэмылъытэну инщ. Хьэмэрэ иджыри къыздэсым щIыпIэ псэлъэкIэ щхьэхуэхэм яхъумауэ утыку къихьэж псалъэ щIэщыгъуэхэр-щэ? Бзэр зыужьыпIэ иригъэувэнумэ, узэпэгэкI хъун щыIэн хуейкъым.

Абы и IуэхукIэ лэжьыгъэшхуэ ирегъэкIуэкI «Адыгэ тхылъ» интернет тыкуэныр зыгъэлажьэ Тхьэкъуахъуэ Iэуес. Зы къыдэкIыгъуэм нэхърэ адрейр нэхъ купщIафIэу, къиIэт Iуэхугъуэхэм я адыгэбзэм узыщыгъуазэ хэтми, умыщIэу къадэкIуэр нэхъыбэжу лэжьыгъэ хьэлэмэт куэд ирегъэкIуэкI щIалэм. Зи гур анэбзэм хуитхьэщIыкIа Iэуес и гуращэ нэхъыщхьэр зыхуэунэтIар зыщ - щIэблэм я гупэр адыгэбзэм хуэгъэзэнырщ, абыкIэ псэлъэным икIи гупсысэным фIагъ куэд къазэрыдэкIуэнур зыхегъэщIыкIынырщ.

«ПсалъэщIэхэр зыдогъащIэ» - аращ Тхьэкъуахъуэм иджыблагъэ къыдигъэкIа тхылъыщIэм зэреджэр. ЖыпIэ хъунут ар сабийхэм щхьэкIэ зэхэгъэува хъуауэ, абыхэм нэхъ яхуэщхьэпэну, ауэ, уегупсысмэ, ар адыгэбзэр къызыфIэIуэху дэтхэнэми яхуэгъэзауэ зэрыщытыр нэхъ лейуэ къыхэдгъэщмэ, нэхъыфIу къыдолъытэ. Тхьэкъуахъуэм нэхъапэкIэ къыдигъэкIа тхылъ цIыкIухэм яхуэдэу, мыри узэщIыныгъэ мыхьэнэ зиIэ лэжьыгъэщ. Дыкъэзыухъуреихь дунейм, щIыуэпсым, гъащIэм хэт Iуэхугъуэхэм, хьэпшыпхэм епха псалъэ куэд зытеухуакIэ зэхэдзыжауэ тхылъым

къыщыхьащ. Абы фIэщыгъэхэм я зэужькIэ уеджэ хъунущ, щыIэныгъэм и лъэныкъуэ куэд къызэрызэщIиубыдэм къыхэкIыу.

Къызэрыхэдгъэщащи, дызытет технологием и дунейм къыхэхъукI ди щIэблэм и нэм илъагъумкIэ зегъэнщI, абы кърит информациемкIэ ирокъу. А щытыкIэм бзэм щыщу кIуэдыр щыз щIыжын папщIэ, щыIэныгъэм и лъэныкъуэ псоми щекIуэкIыр адыгэбзэкIэ къызэрыпIуэтэфынур ныбжьыщIэхэм хьэкъ ящыщIыпхъэщ. Псалъэр гъущэу бгъэдэплъхьэкIэ зэрызэфIэмыкIынур, атIэ ар сурэту, атIэми, щхъуэкIэплъыкIэу, нэгум къыщIэгъэувэн зэрыхуейр гурыIуэгъуэщ. Мызэ-мытIэу срихьэлIащ Тхьэкъуахъуэм гъуэгу дамыгъэхэм ятеухуауэ игъэхьэзыра тхылъым цIыкIухэр зэрыIущIам... Гъуэгу дамыгъэхэм адыгэцIэ яIэу щызэхахам, зэрагъэщIэгъуар, ахэр къапсэлъмэ, зыхэт я ныбжьэгъухэм къазэрыхэщым гу лъатауэ, зрагъэщIэгъуэкI зэрыхъуар къыпхуэIуэтэнтэкъым. Гъуэгу дамыгъэхэм я адыгэбзэр щыжаIэкIэ, а цIыкIухэм ягу зыкIэ хэхъуэрти!..

Мы къыдэкIыгъуэм и щхьэпэри апхуэдэ дыдэу къыщIэкIынущ. Зы Iуэхугъуэ мыхъуу, куэд дыдэ къызэщIэзыубыдэ тхылъым игъэтIылъыну щIэныгъэр лъабжьэ зэрыхъунум шэч хэлъкъым, абы нэгъуэщI щIэныгъэхэри къыдрищIеижыну ныбжьыщIэр щытыкIэ иригъэувэнущ. Апхуэдэу тхылъ цIыкIум едзыгъуэ 36-рэ къызэщIеубыдэ. Тхылъыр зыIэрыхьэнум абы къыщигъуэтынущ мэзым щыпсэу, псым хэс псэущхьэхэм, гъудэбадзэхэм, хьэпщхупщхэм, нэгъуэщIхэми я фIэщыгъэхэр, щрихьэлIэнущ уэшх-уэсым, налкъутналмэсхэм, къызэрыгуэкI мывэхэм епха псалъэхэм, нэгъуэщI куэдми.

КъыдэкIыгъуэр «Сабий тхылъ гъэтIылъыгъэхэр» зэужьым щыщщ. НэхъапэкIэ дунейм къытехьащ «Хьэрфхэр зыдогъащIэ», «Гъуэгу нагъыщэхэр», «КъэкIыгъэ хущхъуэхэр», нэгъуэщIхэри. Къанэ щымыIэу, адыгэбзэр фIыуэ лъагъуным, ар зэгъэщIэным, абыкIэ гупсысэу зегъэсэным хуэунэтIащ. Шэч хэлъкъым, ар яхуэщхьэпэнущ сабий гъэсапIэхэм кIуэхэми щылажьэхэми, пэщIэдзэ еджапIэхэм щIэсхэми щезыгъаджэхэми, адыгэбзэр езыр-езыру зэзыгъащIэхэми.

Тхылъыр и бжыгъэкIэ мащIэ дыдэщ зэрыхъур, псори зэхэту 100 къудейщ дунейм къытехьар. АтIэми зи далэрэ мылъкурэ щымысхьу лъэпкъ Iуэхум Iуэхутхьэбзэ дахэ хуэзыщIэ Тхьэкъуахъуэ Iэуес и гуащIэ и шхыгъуэ ихуэну, и зэфIэкIым хэлъ фIыгъуэм гулъытэ щIагъуэ игъуэту иджыри куэдрэ узыншэу лъэпкъым хуэлэжьэну ди гуапэщ.

ШУРДЫМ Динэ.

ТIощIыр щIакъуэщ

Сосрыкъуэ зы шу гъусэ ищIри, зекIуэ ежьащ, къуентхъ къахьауэ къыздэкIуэжым, шу гуп къаIууащ. Шу гупым дэнэ щащIэнт зрихьэлIар – ящIакъым. ШууитIыр къагъэувыIащ шу гупым, къуентхъыр къыпахын мурад ящIри.

- Фепсых, - жаIащ шу гупым.

Сосрыкъуэ яхуидакъым:

- Депсыхынукъым.

- Фемыпсыхмэ, дызэзэуэнщ, - жаIащ шу гупым, - дэ шу тIощI дохъу, фэ тIущ фызэрыхъур. Дызэзауэмэ, дыфтекIуэнущ. Фепсыхи, къуентхъыр вгъэтIылъ.

- Апхуэдэукъым зэрытщIынур, - жиIащ Сосрыкъуэ.

- Дапхуэдэу-тIэ зэрытщIынур?

- Дызэзауэмэ, шууитI фIэкIа дымыхъу щхьэкIэ, дэ тхузэфIэкIынури фщIэркъым. ФIыкIэ дызэгурывгъаIуэ, - жиIащ Сосрыкъуэ, - «Зыр закъуэщ, тIур тIакъуэщ, щыр щIакъуэщ» жысIэурэ тIощIым нэс сыбжэнщ, тIощIыр зытехуэр фэ фщыщми дэ тIум язми, тпхыурэ, ди ужь къинэм къуентхъыр ихьынщ.

ДызэгурыIуэрэ?

- ДызэгуроIуэ, - жаIащ шу тIощIым.

- ДызэгурыIуэмэ, тIощIым нэс собжэ, - жери Сосрыкъуэ бжэн щIидзащ. – Зыр закъуэщ, тIур тIакъуэщ, щыр щIакъуэщ, - жиIэурэ, тIощIым щынэсым: - ТIощIыр щIакъуэщ! – жери шу тIощIым ящыщ зым и дамащхьэм щIопщкIэ теIэбащ.

ЗэрызэгурыIуати, Сосрыкъуэ зи дамащхьэм теIэба шур Iуашри япхащ.

Сосрыкъуэ «тIощIыр» зыхуейм зэрытригъэхуэфынур къагурыIуакъым шу гупым. Бжэурэ тIощIым щынэскIэ, Сосрыкъуэ шу гупым ящыщ зым и дамащхьэм щIопщкIэ теIэбэурэ, шу тIощIри япхащ.

- ЛIы и псалъэ епцIыжыркъым, - жиIащ Сосрыкъуэ, шу тIощIыр пхын яуха нэужь. – Фи кIэн къикIатэмэ, къуентхъыр къыфхуэдгъанэри дежьэжат. Ди кIэн къикIащи, къуентхъыр къытхуэнэжащ.

Шу тIощIыр пхауэ гъуэгум къытранэщ, я шыр къызэщIакъуэри, Сосрыкъуэрэ и гусэмрэ къежьэжащ.

Анэм и псалъэ

Мышэ еджапIэм япэ дыдэу щыкIуэну махуэм темыпыIэжу, гузавэу пэплъэрт. «Дауэ хъуну, - егупсысырт ар, - си ручкэр схуэмытхэмэ?Дауэ сщIыну си тетрадыр суцIэпIмэ? Си портфелыр згъэкIуэдмэ-щэ?»

Ауэ сыт хуэдизкIэ мышынами, зэманыр къэсри, Мышэ школым кIуащ. КIуащи, а щIэшына псори къыщощI: и ручкэр хуэтхэркъым, къызыхэкIыр имыщIэу; махуэ къэс и тетрадыр бжьыгъэ защIэу къокIуэж... Пэжщ, и портфелыр зэкIэ игъэкIуэдакъым...

Зы пщэдджыжь Мышэ жеIэ:

- Мамэ, нобэ школым сыкIуэнукъым.

- Сыт къэхъуар?

- Си лъакъуэхэр щIокIэзызыхь...

- Уи лъакъуэхэр щIэкIэзызым и щхьэусыгъуэр къызжепIэфыну?

- БжесIэнщ, - жери Мышэ щIэшынэр и анэм хуеIуатэ. Анэр и къуэм жиIэм гупсэхуу йодаIуэ, хупогуфIыкI, и лъэгуажьэм трегъэтIысхьэри жеIэ:

- АфIэкIа зэи умыгузавэ-тIэ! Зэи!

Мышэ къыгурымыIуауэ, и анэм худоплъей.

Анэм жеIэ:

- Дэнэ ущыIэми, сыт пщIэми – сэ уэ сыпщIыгъунущ... Хоттабыч теухуа псысэр уигу къэгъэкIыжыт: пщIэжрэ ар щIалэ цIыкIум зэрыдэIэпыкъуу щытар, блыным фIэдза сурэтым иувэурэ? Сэри мис апхуэдэу сыбдэIэпыкъунущ. АфIэкIа уигу къыхыумыгъэщт. КъыбгурыIуа?

Мышэ къыгурыIуауэ, и анэм хупогуфIыкI...

Абы иужькIэ Мышэ и ручкэр тхэ мэхъуж, бжыгъэхэри мэбзэхыж, хьэрфхэмрэ бжыгъэхэмрэ дахэу, зэдекIуу зэкIэлъыуву хуожьэ...

Иджы Мышэ урокхэр щекIуэкIкIэ мамыру щысщ икIи йогупсыс: «Иджыпсту мамэ сыкъелъагъу... Сыкъелъагъу сызэрегугъур, хьэрфхэри дахэу зэрыстхыр...» икIи и пащхьэм ит егъэджакIуэм нэфIэгуфIэу йоплъ...

КIУАНТIЭ Iэзид.

И IэщIагъэм хуэIэижьт

Урысейм и суд приставхэм я федеральнэ къулыкъум и управленэу КъБР-м щыIэм и Шэрэдж район къудамэм и лэжьакIуэхэм гуапэу ирагъэжьэжащ зигъэпсэхуну IэнатIэм пэрыкIыж, судхэр щекIуэкIкIэ ягъэува хабзэр къызэгъэпэщынымкIэ суд пристав нэхъыщIэ Бадзэ Заур.

Шэрэдж къудамэм лэжьэн щыщIидзащ абы 2000 гъэм. И лэжьыгъэфIым папщIэ къыхуагъэфэщащ «Къулыкъур зэрырихьэкIам папщIэ» медалым и II, III нагъыщэхэр, «ФССП-м и ветеран» медалыр, апхуэдэуи Урысей ФССП-м, КъБР-м щиIэ къудамэм я фIыщIэ тхылъхэр.

Приставхэм я лэжьэгъум фIыщIэ хуащIащ и лэжьыгъэфIым, IэщIагъэм зэрыхуэIэижьым, IэнатIэм и зыужьыныгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ икIи гукъинэж щыхъуну саугъэтхэр иратащ.

БАХЪСЭН Ланэ.



Щхьэр зыгъэлажьэ кубик

1974 гъэм Венгрием щыщ инженер, дизайнер егъэджакIуэ Рубик Эрно и студентхэм къагуригъаIуэрт математикэ нэхъыщхьэм и зы Iыхьэ. Студентхэм дерсыр къайгугъуэкIырт. Рубик мурад ищIащ зытепсэлъыхьыр щапхъэкIэ яригъэлъагъуну: кубым и модель, куб цIыкIухэр кIэрахъуэу хэту ищIыну иужь ихьащ. Ауэ ар кIэрахъуэу къэбгупсысыныр гугъуу къыщIэкIащ. ЯпэщIыкIэ ищIащ 21212 инагъ зиIэ моделыр. Абы и пкъыгъуэхэр хьэфэ кIапсэкIэ зэкIэригъэубыдат. Дауэ ищIми, фIызэпкърылъэлъырт. Нэхъ иужькIэ хэкIыпIэ къигупсысащ: куб щыкъуей 26-рэ къиищтэри, ахэр зыпкърилъхьэну кубышхуэм и пIэкIэ цилиндр щытыкIэ зиIэ пкъыгъуэм хригъэубыдащ. Моделым и кум хэтт абы и пкъыгъуэхэр зэкIэрезыгъэубыдэ механизм, и гъунэхэм щыIэ кубхэр зыр адрейм жьэдегъэубыдат, тыншуи зэфIэбгъэпкI-зэфIэбгъапкIэ хъурт. Куб зэмыфэгъухэм дзакIэ 54-рэ яIэщ: ику иту 6, зы плъыфэ яIэу, ибгъухэм щыIэу, я плъыфэкIэ лIэужьыгъуитIу – 12, и къуапэхэм щыIэу, зэмыфэгъуищу 8. ЯпэщIыкIэ Рубик хуеящ дзакIэхэм бжыгъэхэр е геометрие пкъыгъуэхэр трищIыхьыну. Ауэ кубыр зэмыфэгъуу зэпкърилъхьэмэ, и мыхьэнэр гурыIуэгъуэ хъурти, абы къытеувыIащ.

Кубикыр щхьэр зыгъэлажьэ Iэмэпсымэу махуэ къэс пIэщIэлъ хъууэ къэгъэсэбэпын гупсысэм ар зэпкърызылъхьар хуишащ езым абы мазэ псо зэрытригъэкIуэдам. Кубикыр 1974 гъэм хьэзыр хъуат. Венгрием патент къыщыхудихащ 1975 гъэм. ИужькIэ, куэду къыщIагъэкIи хъуащ. «Куб телъыджэ» щхьэр зыгъэлажьэ зэрыджэгу хьэпшыпыр 1978 гъэм Венгрием и тыкуэнхэм щIэз хъуащ.

1980 гъэм кубым америкэ патент иIэ хъуа нэужь, ар дуней псом къацIыхуащ. Патент ищIын папщIэ и фIэщыгъэри зэрихъуэкIащ инженерым - «Кубик-Рубик» фIищыжащ. ИлъэситIым къриубыдэу щхьэгъэлажьэ хьэпшыпу мелуани 100-м щIигъу ящащ. Абы нэмыщI «Кубик-Рубикым» «траупсыкIауи» – мелуани 150-рэ. 1980 гъэм кубикыр щIэхыу зэпкърылъхьэнымкIэ япэ дунейпсо чемпионат екIуэкIащ. 1981 гъэм кубикыр СССР-ми къыщыщIагъэкIыу хуежьащ. Нэхъапэхэм СССР-м тыгъэ нэхъыфI дыдэу тхылъыр къалъытэу щытамэ, иджы абы палъытырт «Рубик и кубикыр».

Компьютер джэгукIэхэр къежьа нэужь, кубикым хуащI гулъытэр тIэкIу нэхъ кIащхъэ хъуащ. Ауэ ар къызэщIигъэрыуэжащ интернетым и Iэмалым. «Рубик и кубикыр» зэрызэпкъралъхьэ Iэмалхэр къыщыгъэлъэгъуа видеохэр куэду сайт зэмылIэужьыгъуэхэм къралъхьэрт.

Кубыр псынщIэу зэпкърылъхьэнымкIэ чемпионатхэр ирагъэкIуэкIын папщIэ XXI лIэщIыгъуэм къэунэхуащ Кубикым и дунейпсо зэгухьэныгъэ. 2010 гъэм къагъэунэхуащ кIуэгъуэ 20-кIэ кубикыр зэрызэхуэпхьэс Iэмал зэрыщыIэр. НобэкIэ кубикыр нэхъ псынщIэ дыдэу зэпкърызылъхьар Австрием щыщ Земдекс Феликсщ. 2021 гъэм абы игъэуващ дунейпсо рекорд. 2012 гъэм Японием щыщ Окаяме Томаоки кIуэгъуэ 20-кIэ кубикыр зэпкърилъхьэфащ. 2019 гъэм гурыIуэгъуэ хъуащ щхьэр зыгъэлажьэ хьэпшып цIыкIур кIуэгъуэ 16-кIи зэхуэпхьэс зэрыхъур. Абы пэлъэщащ итальян Тронтэ Себастьянэ.

«Рубик и кубикыр» зэпкърылъхьэнымкIэ чемпионатхэр йокIуэкI лIэужьыгъуэ зыбжанэу: къызэрыгуэкI зэпкърылъхьэкIэ, нэр уфIыцIауэ Iэ лъэныкъуэкIэ зэпкърылъхьэкIэ, уеблэмэ лъакъуэкIи зэпкъралхьэ.

ХЬЭГЪЭБАНЭ Залинэ.

БостеищIэ

Мамэ сэ схуидащ бостей.
Сытым хуэдэу дахэкIей!
Къызохъуапсэ си ныбжьэгъухэр,
Къызохъуэхъур ди гъунэгъухэр,
Псоми жаIэ къызэкIупсу
Си бостейр, бостей щIэрыпсыр.
Зэ сыдэфу зезгъэсамэ,
Хуэздынт сэри бостей мамэ.

КЪАГЪЫРМЭС Борис.

Псалъэзэблэдз



1.	н	а					
2.	н	а					
3.	н	а					
4.	н	а					
5.	н	а					
6.	н	а					
7.	н	а					
8.	н	а					





1.МыцIэнтхъуэн, хъума хъун щхьэкIэ шым и лъэгум щIаукIэ гъущI. **2**. ХадэхэкI лIэужьыгъуэ. **3**. Щыгъэ лъапIэ сыт хуэдэхэр къызыхащIыкI пкъыгъуэ. **4**. НапщIэм декIуэкIыу тет цы. 5. Iэщ зыщIэт псэуалъэ, пщIантIэ дыхьэпIэ, хадэ ихьэпIэ сыт хуэдэхэм щхьэкIэ чийм ещхьу хуауэ ящI бжэ. **6**. ФэзэхъуэкIыу, ущызэкIэщIэплъу щыт мывэ лъапIэ быдэ. **7**. И зы кIапэмкIэ ипщэурэ макъамэ къызэрырагъэкI жьэпшынэ лIэужьыгъуэ **8**. Сэмб къызыдэкIэ гъавэ къэкIыгъэ.

Жэуапхэр:

1.Нал. 2. Нащэ. 3. Налкъут. 4. Набдзэ. 5. Набжэ. 6. Налмэс. 7. Накъырэ. 8. Нартыху.

Зэхэзылъхьар **БИЦУ Жаннэщ**.

Дапщэщ мыр щиухынур?

● Футбол

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Ангушт» (Нэзрэн) – 0:4 (0:0). Налшык. «Спартак» республикэ стадион. ШыщхьэуIум и 16-м. ЦIыху 374-рэ еплъащ.

Судьяхэр Егоров (Истрэ), Козленкэ, Ежак (тIури Сочэ щыщщ).

«**Спартак-Налшык**»: Каркаев, КIэдыкIуей, Пириев, Кенжев (Хьэшыр, 73), Жабоев, Пекъу (Гъуэгузокъуэ, 62), Балъкъыз (Болэтокъуэ, 80), Блий, Дзыгул (Шэрджэс, 80), Лысенкэ, ЛIуп (КIэщт, 63).

«**Ангушт**»: Хаштыров, Гарисултанов (Уянов, 79), Абубакаров, Осмаев, Ахильгов, Гирзишев, Ульбашев (Ибрагимов, 46), Чаадаев (Султыгов, 84), Экажев (Хамхоев, 46), Юсупов, Тутаев (Цолоев, 79).

Топхэр дагъэкIащ: Ибрагимовым, 53 (0:1). Ибрагимовым, 58 (0:2). Ибрагимовым, 72 (0:3). Тутаевым, 74 (0:4).

Дагъуэ къыхуащIащ: Кенжевым.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэр «Спартак-Налшыкым» зэрыкIуэцIригъэхуар иджыпстуи нэрылъагъущ. Сыт и лъэныкъуэкIи (къахьа текIуэныгъэхэмкIи, зэрыфIахьамкIи, топ къыхудагъэкIахэмкIи, нэгъуэщI куэдымкIи) ар зыхэт гупым щынэхъ хуэмыхущ, ныбжьыщIэ защIэкIэ зэхэгъэува Мэхъэчкъалэ и «Динамо-2»-р къыумылъытэмэ. Я ехъулIэныгъэкIэ иужьу дыщагъэгуфIари тщыгъупщэжащ. Абы къыхэкIыу мы зэхьэзэхуэм щыщу къэнэжа зэIущIэхэр куэдым къызэралъытэр гъэ къакIуэм лъабжьэ гуэр хуагъэтIылъущ.

Щэбэт кIуам Налшык къытхуеблэгъа Нэзрэн и «Ангушт»-ри «Спартак-Налшыкым» къызэрыщхьыщыкIыщэ щыIэтэкъым. Абы къыхэкIыу хэгъэрейхэм текIуэныгъэр зыIэрагъэхьэмэ, хьэщIэхэм ялъэщIыхьэжыфынут. АрщхьэкIэ, дэнэт?

Джэгум и япэ Iыхьэр командэхэм трагъэкIуэдащ иджыпстукIэ хэт сыт хузэфIэкIми зэхэгъэкIыным. Ар нэхъ къехъулIащ «Ангушт»-м. ЗэIущIэм и япэ Iыхьэм абы къыгурыIуащ нобэрей «Спартак-Налшыкыр» зэрытIасхъэ дыдэр икIи зэрыхэбгъэщIэфынур. Апхуэдэ мурад иIэу, загъэпсэхуауэ къыщихьэжым, абы и тренерхэм джэгупIэ губгъуэм кърагъэхьащ гъуащхьауэ Ибрагимов Рэмэзан. А щIалэм ди гъуащхьэхъумэхэр икъукIэ зэхэзехуэн ищIащ икIи дакъикъэ тIощIым къриубыдэу топищ зэкIэлъхьэужьу къахудигъэкIри, Ингушым къикIахэм текIуэныгъэр къахузэригъэпэщащ. Ибрагимовым и ехъулIэныгъэхэр щIигъэбыдащ Тутаевым икIи кIэух бжыгъэр 4:0-м нигъэсащ. Апхуэдэ бжыгъэшхуэкIэ «Ангушт»-р нэхъапэм зэи «Спартак-Налшыкым» къытекIуатэкъым. Ар нэхъ гущIыхьэж ещI ди деж къэкIуауэ къызэрыхъуам.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ налшыкдэсхэр ингушхэми турнир таблицэм къащыкIэрыхуащ. Абыхэм я зэхуаку иджы очкоих дэлъщ икIи къэнэжа джэгугъуиплIым ар яхуэгъэкIуэдыжыну фэ теткъым. Дапщэщ мыпхуэдиз мыхъумыщIагъэр щиухынур? Аращ нэхъыбэу зыгъэпIейтейр Къэбэрдей-Балъкъэрым топджэгум щыдихьэххэр. Куэд щIохъуэпс абыхэм кIэ ягъуэту гуп зэкъуэтрэ дэрэжэгъуэ гуэр къезытрэ я пащхьэ къихьэжыну.

Къызэрыхэдгъэщащи, Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм и пэщIэдзэ Iыхьэр иухыным джэгугъуиплI къэнэжауэ аращ. Абы иужькIэ гуп нэхъыфIихыр ищхьэкIэ зэрыдэкIуэтеиным щIэбэнынущ, адрейхэм «гуIэфIтещIэж» ирагъэкIуэкIынущ. Дауи, къалъытэнущ пэщIэдзэ Iыхьэм къыщахьа очко бжыгъэри.

Зэхьэзэхуэм пашэныгъэр аргуэру щиубыдыжащ Хасавюрт и «Победа»-м. Гугъуехьышхуэ пылъу ар текIуащ псоми хагъащIэ Мэхъэчкъалэ и «Динамо-2»-м. Абы щыгъуэми Шакъ Ашэмэз зи тренер нэхъыщхьэ «Динамо Ставрополь»-р Черкесск къалэм щыпэлъэщакъым иужь лъэхъэнэм хуабжьу зыкъэзыужьа «Нартым» икIи бжыпэр зыIэщIигъэкIащ.

Ди гуапэ зэрыхъунщи, Мейкъуапэ и «Дружба»-р иджыпстукIэ гуп нэхъыфIихым яхэтщ. Абы пэжыжьэкъым Черкесск и «Нартри».

Иджы фыщыдгъэгъуэзэнщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щэбэтым щекIуэкIа зэIущIэ псоми къарикIуа бжыгъэхэм: «**Нарт» (**Черкесск) – «**Динамо Ставрополь**» (Ставрополь) – **0**:**0**, «**Победа**» (Хасавюрт) – «**Динамо-2**» (Мэхъэчкъалэ) – **3**:**2**, «**Легион**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Кубань-Холдинг**» (Павловскэ) – **1**:**5**, «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - «**Ростов-2**» (Дон Iус Ростов) - **1**:**0**, «**Сочи-2**» (Сочэ) **-** «**Астрахань**» (Астрахань) - **2**:**0**, «**Севастополь**» (Севастополь) - «**Рубин**» (Ялтэ) - 2:1.

ШыщхьэуIум и 23-м къыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» иригъэкIуэкIынущ. Астрахань къалэм ар а махуэм щыIущIэнущ абы и щIыпIэ командэм.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	**«Победа»**	**22**	**14**	**2**	**6**	**30-21**	**44**
2.	**«Севастополь»**	**22**	**12**	**7**	**3**	**36-27**	**43**
3.	**«Кубань Холдинг»**	**22**	**11**	**9**	**2**	**42-20**	**42**
4.	**«Динамо Ставрополь»**	**22**	**12**	**6**	**4**	**33-21**	**42**
5.	**«Ростов-2»**	**22**	**11**	**4**	**7**	**28-19**	**37**
6.	**«Дружба»**	**22**	**9**	**6**	**7**	**32-22**	**33**
7.	«Сочи-2»	22	8	7	7	30-26	31
8.	«Астрахань»	22	7	9	6	31-23	30
9.	«Нарт»	22	8	6	8	27-19	30
10.	«Легион»	22	7	6	9	23-33	27
11.	«Рубин»	2I	7	4	10	18-24	25
12.	«Ангушт»	22	5	5	12	18-27	20
13.	**«Спартак-Налшык»**	**22**	**3**	**5**	**14**	**16-40**	**14**
14	«Динамо-2»	21	0	2	19	11-53	2

ЩIэблэр яущий

2025 гъэм шыщхьэуIум и 3 - 13-хэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Уллу-Тау» альплагерым щекIуэкIащ «Спортсмен хуэкупсэхэм я щIэблэ» пэхуэщIэм и щIыналъэ Iыхьэр. Абы хэтащ Мэкуу, Санкт-Петербург, Самарэ, Астрахань къалэхэм, Краснодар, Ставрополь крайхэм, КъШР-м, Осетие Ищхъэрэ – Аланием, Ингушым, КъБР-м, нэгъуэщIхэми я лIыкIуи 150-м щIигъу.

ПЭХУЭЩIЭМ и къалэн нэхъыщхьэхэм хохьэ щIалэгъуалэм къэрал хабзэхэр ягъэзэщIэным хуэгъэсэныр, экстремизмэм, наркотикхэмрэ фадэмрэ ахэр щыхъумэныр, хэкупсэу къэгъэхъуныр, нэгъуэщIхэри. Альпинистхэм я лагерым щызэхуэсащ спортым дихьэххэр, я ныбжькIэ илъэси 8-м къыщыщIэдзауэ 60-м нэсыху.

ПэхуэщIэр зэрылэжьа зэманым къриубыдэу физкультурэм, дзэ хуэIухуэщIэхэм, медицинэ дэIэпыкъуныгъэм и щэхухэм хьэщIэхэр хуагъэсащ, Хэку зауэшхуэм и тхыдэр яджащ. Абыхэм я деж щыIащ десантым хэтахэр, тIасхъэщIэххэр, зауэ зэпэщIэувэныгъэхэм я ветеранхэр.

«Спортсмен хэкупсэхэм я щIэблэ» пэхуэщIэр щIыналъэм щагъэзащIэ «КъБР-м зэзауэ зыхэт спорт лIэужьыгъуэхэм зегъэужьынымкIэ и фонд» зи лэжьыгъэр фейдэ къегъэщIыным пымыщIа IуэхущIапIэм и жэрдэмкIэ, КъБР-м Лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ пэхуэщIэхэмкIэ и министерствэр къыдэIэпыкъуу.



НАУРЫЗ Мысост.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариаинэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкiэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; з корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.290
Заказыр № 1782

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня**, *корректорхэу* **ПхытIыкI Марие** *(1, 4-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 3-нэ нап.)*.

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.